Кынащ цIыхубэм я гум

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Псыежэхым жиIэр

4-нэ нап.

МафIэм фыхуэсакъ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№83 (24.833) ● 2025 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 10, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

# Къэрашащ щытыкIэ хьэлъэм

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Республикэ клиникэ сымаджэщым щыщIэупщIащ мэрем кIуам щIэпхъаджащIэхэр зытеуа, Гъэгум кIэлъыплъ къулыкъущIапIэм (ДПС) и лэжьакIуэм, абы и Iыхьлыхэми яхуэзащ.**

«ДИ республикэм искъым къэхъуар зи жагъуэ мыхъуа зы цIыху, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым. - Дауи, дэ псори Аснаур щхьэкIэ дыгузавэрт, ар къызэрацIыхур жуэпIыныгъэ зыхэпль хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэщ, и къалэныр нэгъэсауэ игъэзащIэу, IэщIагъэми фIыуэ хищIыкIы. А махуэми щIалэм къытехуэр ищIэу, къалэм и уэрамхэм хабзэншагъэ къыщимыгъэхъуным кIэлъыплъу арат. Абы и фIыгъэкIэ Iэхур нэхъ Iеижым хуэмыкIуэу къэнагъэнкIи хъунщ.

Аснаур иджыри щытыкIэ хъэлъэм итщ, ауэ фIым ущыгугъ хъун хуэдэщ, щытыкIэ нэхъ гугъуи къыкIэуэ жыпIэ хъунщ».

КIуэкIуэ Казбек Аснаур и адэ-анэм фIыщIэ яхуищIащ я куэдрэ фIыуэ зэрагъэсам папщIэ. Абыхэм япыщIауэ, щIалэм и щытыкIэм щIэупщIэ зэпытщ республикэм и Iэтащхьэр.

КъэнэмыщIауэ, КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ уIэгъэ хъэлъэ зытелъ щIалэр зыгъэхъуж, ар операцэ зыщIа, иджыпстуи абы кIэлъыплъ дохутырхэм. СэкIэ къеуа нэужь, лъы куэд зыфIэкIуэда щIалэр щытыкIэ гугъу дыдэм кърашыну яхуэзфIэкIащ абыхэм. Сымаджэр къаззрыIэрыхэу, псынщIэу Iуэхум и ужь зэрихьам, псоми я къарур зэрызэрагъэуIуам и фIыгъэщ ар.

КIуэкIуэ Казбек дохутырхэм фIыщIэ яхуищIащ, Аснаур зэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу хъужыну, и къарукэр зэрыуфыбдыжыну ехъуэхъуащ!

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ Iуэхухэр зезыхьэ къулыкъущIэхэм я резервымрэ япыщIа лэжьыгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ Iуэхухэр зезыхьэ къулыкъущIэхэм я резервымрэ япыщIа лэжьыгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм хэтхэр къэдгъэлъэгъуащ и Iуэхукъэ» къыдигъэкIа Указ №177-УГ-мкIэ щIэгъэбыдам мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:**

**а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къэкIуэнухэр:**

**Айбазовэ Т. П. - «Эльбрус» корпоратив университет» Iэщlагъэ лей щрагъэгъуэт, фейдэ кьегъэщIыным хуэмыщIа автоном Iуэхущ1апIэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)**

**Тогуазэв Т. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыныкIэ и министрыр;**

**б) Комиссэм хэгъэкIын Алъгуд Ю. Къ., Апажэ А. Къ., Архангельский В. Н., Асанов А.О.**

**2. Мы Указым кьару егъуэт абы Iэ щыщIэздэщ махуэм щегъэжьауэ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ**

**КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м №77-УГ*

# Унагъуэ быдэхэмкIэ къулейщ ди республикэр

**Налшык дэт ЩIалэгъуалэм я унэм бадзэуэгъуэм и 8-м щагъэлъэпIащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным и урысейпсо махуэр. Гъэ къэси хуэдэу, а махуэм утыку кърашащ республикэм и къалащхьэмрэ районхэмрэ щыщу илъэс 25-м щIигъуауэ зэгурыIуэ яку дэлъу, щапхъэ ягъэлъапIэу зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэр. Хабзэ хъуауэ, абы ирихьэлIэу щIалэгъуалэм нэхъыбэ ирагъэтх.**

УФ-м и Президент Путин Владимир къэкIуэлъат бадзэуэгъуэм и 8-м а махуэр ягъэпсэлъэну. Къэралым и Iэтащхьэм и Унафэм къыхигъэщащ абы и мыхьэнэр: цIыхум и дежкIэ унагъуэ лъапIэныгъэхэр хъумэныр, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ тэмэму гъэсэныр.

Зэкъуэгъэ къызэIуихащ икIи КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ягъэлъапIэ зэщхьэгъусэхэм зэрызэхуигъэзэ хъуэжьу тхьгъэм къеджащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 КъуэдзокIуэ Мухьэмэд. Абы итт: «Унагъуэ жылагъуэм, цIыхум зиужьынымрэ ефIэкIуэнымрэ я къежьапIэщ. Хэку лъагъунигъэм, нэхъыжьым пщIэ, нэмыс хуэщIыным щыщIапIыкIыр, зэхуэдэныгъэм щыхуагъэсэр унагъуэрщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм хуэфащэ гулъытэ хуеущ сабий зиIэ унагъуэхэм ядэIэпыкъуныр, я узыншагъэр хъумэным, ахэр ефIэкIуэнымрэ зауыкIымрэ. Къэралым щагъэзащIэ лъэпкъ Iуэхугъэ зытеухуар унагъуэм и лъапIэныгъэхэр зэгъэбдэнырщ, щытыкIэ гугъу ираухэм зашIэгъэкIуэныгъэ. Лъагъунигъэмрэ зэхуэпэжынымрэ я щапхъэ ягъэлъагъуэу илъэс куэд щIауэ фызэрызэдзэпсэуа папщIэ пщIэрэ фIыщIэрэ фхуэфащэщ. Ди республикэр фэркIэ мэгушхуэ, фи дуней тетыкIэкIэ щIалэгъуалэм фращIэхъэщ. Сабий дыдэщIэ, гуфIэгъуэкIэ гъэшIа гъащIэ кIыхь къэвгъэщIэну, мамырыгъэрэ ехъулIэныгъэрэ фи унагъуэхэм илъыну сынывохъуэхъу!

«Лъагъунигъэмрэ зэхуэпэжынымрэ папщIэ» медалыр иритащ республикэм и къалащхьэмрэ районхэмрэ (Налшык къалэм, Бахъсэн, Iуащхьэмахуэ, Прохладнэ, Тэрч, Лэскэн, Май, Аруан, Шэрэдж, Шэджэм, Дзэлыкъуэ районхэм) ящыщу илъэс 25-м щIигъуауэ зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэм. Лъагъунигъэм, зэхуэпэжыным и нэщэнэу яплъытэ шынэ-шынэ (ромашка) уда гъэгъа Iэрамэхэр ягъэлъэпIа унагъуэхэм я унэгъащхэм тыгъэ хуащIащ.

Апхуэдэ медаль зыхуагъэфсащахэм ящыщщ Налшык къалэм щыщ, «Хэку зауэшхуэм и бынхэр» орденыр 1945 гъэм зыхуагъэфсащахэу, илъэс 70-м щIигъуауэ зэдэпсэу Болуевхэ Анваррэ Мариерэ.

Илъэс 55-рэ илэкIэ унагъуэ зэдэзыхуха, егъэджакIуэхэу Мэкъуауэхэ Владимиррэ Светланэрэ зи Iэщlагъэкlэ юристу лажьэ щIалитI зэдапIащ, къуэрылъхуибл къащIэхъащ. КПРФ-м республикэм щIэ къудамэм и япэ секретарь, КъБР-м и Парламентым и депутат Пащты Борисрэ Анжелэрэ илъэс 31-рэ хъуауэ зэдопсэу, бынитху зэдапIащ.

Зэхыхьэм псом хуэмыдэу гулъытэ щыхуащIащ Хэкур хъумэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIу дэз Iэху хэкам зи бын щIэ унагъэкам. Яэыныкъуэ зэщхьэгъусэхэр кIэщIу тепсэльыхьащ унагъуэ насыпыр зыгъэбыдэ щэхуэхэр зыхуэдэм. Ар зыр адрейм зэхищIыкIынырщ, зэдзIэпыкъуныщ, къалъыс жэуапIныгъэр зыхащIэныщ, унагъуэм и лъапIэныгъэхэр япэ ирагъэщIныщ.

Дамыгъэ лъапIэ зыхуагъэфэща дэтхэнэ зы унагъуэми республикэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ хуащIащ, лэжьыгъэм, лъапIэныгъэхэр хъумэнымрэ гъэбыдэнымрэ я щапхъэу къэгъэгурыкIуэурэ щIэблэфIи ягъэсащ. Языныкъуэхэр жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтщ, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным и зэфIэкI ирахьэлIэ. Ар и щыхьэтщ унагъуэм и лъапIэныгъэхэмрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ хъумэн зэрыхуейм, республикэр унагъуэ дахэхэмкIэ зэрыкъулейм.

Зэхыхьэр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ цIэрыIуэхэм: Хъусинхэ Анзоррэ Жабоевэ Замирэрэ, Рокотовхэ Даниилрэ Кристинэрэ, Абэнокъуэ Рустамрэ Эльмирэрэ я унагъуэхэм, Текуев Амурбий, Щокъуий Мурат, «Звездочка», «Тэрч къэзакъхэр» къэфакIуэ ансамблхэм, нэгъуэщIыкIэми.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Къандурым и фэеплъу

**ШыщхьэуIум и 1-м щегъэжьауэ мазитIкIэ екIуэкIынущ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, кинорежиссёр, сценарист, продюсер, композитор, уэрэдус, псапащIэ цIэрыIуэу щыта Къандур Мухьэдин и фэеплъ литературэ зэпеуэ. «Тхылъ къызэIуха» зэпеуэр къызэрегъэпэщ ди лъэпкъэгъу щэджащэм и щхьэгъусэ, тхакIуэ, усакIуэ Бэлагъы Любэ.**

ЛЮБЭ мурад ищIащ Мухьэдин дунейм зэрехыжьэ илъэситI щрикъум ирихьэлIэу апхуэдэ Iэху къэдихыну, литературэм зигу хуэзIухахэр, тхэкIэм я нэхъыфIхэр утыку къришыну, я цIэр дуней псом щигъэIуну.

«Мы Iэхум лъабжьэ хуэхъур Мухьэдин дызэрыхуэщIыгъуэм и закъуэкъым, атIэ абы къигъэна щIэиным и лъапIагъэр куууэ зэрызыхэтщIэм и дамыгъэщ. ДапэкIэ къытпэщылъщ абы и пэкупсэ, щэнхабзэ лъапIэныгъэхэр хэкум къэгъэлэпхъуэжыныр. «Тхылъ къызэIухари» зытеухуар арац - Къандур Мухьэдин къызэринэкIар хъумэным и зы Iыхьэщ, адыгэ щэнхабзэм зегъэужьыным, и пщIэр къэIэтыным хуэкIуэ зы лъэбакъуэщ, тхэн щIэзыдзагъэщIэхэм защIэгъэкъуэныщ. Мы Iэхум хэтыну дэ къыдогъэблагъэ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэр. Я Iэдакъэщ1экIэр къытхуеизыгъэкъэ хъунур адыгэхэм я закъуэкъым, атIэ нэгъуэщI лъэпкъ, къэрал щыщхэри ди гуапэу къыдогъэблагъэ - Урысейм, адыгэм я тхыдэм, щэнхабзэм, лъэпкъ хъугъэуфIыгъуэхэм пщIэ хуэзыщIхэр, а зэхуэдитIкIэфIхэр псалъэкIэ къэзыIуэтэфхэр.

Урысейм и Президентым и грантым щыщкIэ си гуапэу згъэгушхуэнущ ди лъэпкъым папщIэ тхэхэр. ФIыщIэ яхуэзощ си мурадыр къыздэзыIыгъа псоми», - жиIэ Любэ.

Лажьыгъэхэр сыт хуэдэ жанрым итми хъунущ: прозэ, поэзие, эссе. УрысыбзэкIэ тхахэр зэрыщытым хуэдэу, адыгэбзэкIэ тхар урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ ирагъэхьын хуейщ мы хэщIапIэм: president@siffa.media

Любэ къызэрыджиIамкIэ, нэхъыфIы къалъытэну тхыгъэхэр щыIэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэ къыдагъэкIынущ. Къищынэмыщ1ауэ, Урысейм и литературэ къыдэкIыгъуэ нэхъ щIэрыIуэхэм къытрадзэнущ.

Текlуахэр 2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 14 - 15-хэм Сочэ щагъэлъэпIэнущ. А зэIущIэм утыку къыщрахьэнущ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ1экIэр иту къыдагъэкIыну тхылъыщIэри. ЗэIущIэм къаргъэблэгъэну я мурадщ хъэщIэ лъапIэхэр, литературэмкIэ дунейм щыщIэрыIуэхэр. Адыгэхэм я лъэпкъ щIэинхэм, щэнхабзэм, тхыдэм, къэкIуэнум щытепсэльыхьыну лекцэхэр, мастер-классхэр, зэпсэльэныгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ а зэхуэсым.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Ди къуэш республикэхэм

### Щапхъэ зытраххэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Унагъуэм, лъагъунигъэм, зэхуэпэжыным я махуэм КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид Iуэху гуапэ иригъэкIуэкIащ. Абы кърагъэблэгъат унагъуэр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэр.**

«АНЭ лIыхъужь» цIэ лъапIэр хуагъэфэщащ сабий 14 къэзыIухуа Коркмазовэ Кулизар. «Адэ-анэм и щIыхь» орденым и медалхэр ираташ Къумыкъуэ Азэмэтрэ Ларисэрэ. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэуэхэм а дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ Урысейм и Президент Путин Владимир и Указкlэ.

Щыналъэм и Iэтащхьэм къыззэкуэсахэм защIыхуигъаззм къыхигъощащ, унагъуэр сыт щыгъуи лъапIэныгъэ нэхъыщIэхэм, лъэпкъ щэнхабзэмрэ къэкIуэну щIэблэхэмрэ я хъумакIуэу зэрыщытыр.

Темрезов Рашид псалъэ гуапэхэр яжриIащ Хэкум и хъумакIуэхэу дэз Iэжу хэкам хэтхэм я унагъуэхэми.

Республикэм и Iэтащхьэм зыхуагъэфэщахэм яритыжащ «Щапхъэ зытрах унагъуэ» дамыгъэр, «Лъагъунигъэмрэ зэхуэпэжынымрэ папщIэ» медалрэ щIыхь тхылъэр, щIыхьэ 13-м яIэщIилъхьащ КъШР-м «Анэм и щIыхь» и дамыгъэр.

Псори зэхэту гулъытэ хуащIащ республикэм щыщ унагъуэ 25-м.



### «ИННОПРОМ-2025» гъэлъэгъуэныгъэм

АДЫГЕЙ. **Республикэм и Iэтащхьэ Къумпыл Мурат жиIащ Екатеринбург щекIуэкI «ИННОПРОМ-2025» 15-нэ дунеипсо гъэлъэгъуэныгъэм я щыналъэр зэрыхэтыр. Урысейм и индустрие парккэм я стендым хеубыдэ «Энем» промышленнэ паркыр.**

«ИННОПРОМ-2025» гъэлъэгъуэныгъэм и утыкур дэ къыдогъэсэбэп ди зэфIэкIэкIэкIэ дызэдгъэушэным, инвесторхэр къешлэIэным теухуауэ. Гу лъыдотэ къыдэтхъэхкэр зэрыщIэм, сыту жыпIэмэ, «Энем» индустриальнэ паркыр сыт хуэдэ промышленностми къыщIигъэкIхэр щыбгъэлъэгъуэфыну щытщи», - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

### Нэхъри зеубгъу

АБХЪАЗ. **Республикэм и Лъэпкъ банкыр хэтащ мэхъуауэгъуэм и кIэм Гонконгым щекIуэкIа 14-нэ дунеипсо нумизматик гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкIэм (HKINF).**

МЫ гъэм Абхъазым и банкым къыдигъэкIащ «Дельфин» фэеплъ банкнотэр, илэ ита илъэсхэм игъэхьэзырауэ щыта «Ястреб», «Кавказский благородный олень», «Леопард» жыхуиIэхэм пищIу. Абхъаз Банкым и банкнотэхэм щIэупщIэшхуэ яIэщ, ахэр ящхъуащ къэрал 30-м щIигъум я коллекционерхэм.

Гъэлъэгъуэныгъэм хэтщ кредит Iуэхущ1апIэрэ щхьэзакъуэ коллекционеру къэрал 40-м щIигъум щыщхэр.



**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# ДыщIэпсэу беягъэ

**КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэм теухуа зэIущIэ гуапэ.**

КЪЭРАЛ кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав зэхыхьэм кърагъэблэгъахэм махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ, насып, мамырыгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ яIэну.

- Унагъуэр, нэхъыщхьэращи, ди сабийхэр - ар дыщIэпсэу беягъэщ, къулыкъум ехъулIэныгъэ ущиIэным и лъабжьэщ унэм илъ хуабагъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ.

Iуэху гуапэм хэтащ МВД-м и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъушэ Руслан.

Я зэхуэзэм пащэу, хьэщIэхэм зыщрагъэплъыхьащ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм и унэм, ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ КъБР-м щыIэ МВД-м и тхыдэм, я лэжьакIуэ пэрытхэу къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэр къызытещ блыныр ирагъэлъэгъуащ. Коллегием и пэшым сабийхэр щеплъащ полицэм и кадет зэщIэхъееныгъэм хуэгъэпса роликым.

АдэкIэ министерствэм и пщIантIэм абыхэм щрагъэлъэгъуащ я автотранспорт лIэужьыгъуэхэр. Эксперт-криминалистхэм ахэр щыгъуазэ ящIащ я лэжьыгъэм. Сабийхэм ягу къагъэкIыжащ гъуэгухэм зыщытетын хуей хабзэхэр.

Псори дихьэхат кинологхэм я лэжьыгъэм. КъБР-м щыIэ МВД-м и ЦКС-м и лэжьакIуэхэм ягъэлъэгъуащ хуит ямыщI пкъыгъуэхэр хьэхэм къызэралъыхъуэр.

Я зэхуэзэм и кIэухыу гупыж зиIэ дэтхэнэми зыIуигъэхуащ сэлэт кашэ IэфIыр.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

# Ахъшэ яхуиутIыпщырт

**● УФСБ-м къет**

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ илъэс 23-рэ зи ныбжь, Бахъсэн районым щыпсэум зэрихьэ хабзэншагъэр. Ар пыщIат терроризмэм ахъшэкIэ зыщIэгъэкъуэным.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, шэч зыхуащIым мызэ-мытIэу ахъшэ яхуиутIыпщащ дунейпсо террорист гупхэм хэтхэу Урысей Федерацэм и хабзэхъумэхэм зыщагъэпщкIуу хамэ хэкухэм щыIэхэм.

Урысейм и Следственнэ комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 205.1 статьям и 1.1 Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэс 15-м нэскIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

## Дунейм щыхъыбархэр

### Пенсэм хагъэхъуэнущ

**Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм лэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Нилов Ярослав зэхилъхьащ зи ныбжьыр илъэс 70 хъуахэм ират пенсэм дэщIыгъужыныгъэ зэрыхуащIынум теухуа хабзэ.**

АБЫ къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, илъэс 70 хъухэм процента 100-кIэ, илъэс 80 ирикъуахэм 200-кIэ, илъэс 90-м нэсахэм процент 300-кIэ хухагъэхъуэнущ. КъищынэмыщIауэ, я мурадщ япэ гупым хыхьэ ныкъуэдыкъуагъэ зиIэхэм хуагъэува дэщIыгъужыныгъэм и процент 200-кIэ пенсэр нэхъыбэ хуащIыну.

Депутатыр апхуэдэ гупсысэм хуэзышар узыншагъэмкIэ зэранышхуэ къэзышэ производствэм илъэс куэдкIэ щылэжьа, Луганск щыщ пенсионерым дригъэкIуэкIа псалъэмакъырщ. Ниловым зэрыжиIамкIэ, 2025 гъэм сом 8907,70-рэ хъуа дэщIыгъужыныгъэр мащIэ дыдэщ, зратри зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуахэрауэ зэрыщытыр къэплъытэмэ, ар къаIэрыхьэнукъым пенсионер куэдым. «Урысейм илъэс 80 ирикъуху псэухэр куэд щыхъуркъым: а ныбжьым нэсыр цIыхухъухэм я процент 24,6-рщ, цIыхубзхэм - процент 54-рэщ, илъэс 90-м нэблагъэхэр нэхъ мащIэжщ», - жиIащ абы.

### ЩIыналъэхэр ирагъэфIакIуэ

**Жылагъуэ щIыпIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуауэ къэралым и щIыналъэ псоми лэжьыгъэхэр щрегъэкIуэкI УФ-м и Правительствэм. Ахэр ягъэзащIэ «Къалэм тыншыпIэхэр къыщызэгъэпэщэн» къэрал проектым хыхьэу.**

«УРЫСЕЙМ и ухуэныгъэ IэнатIэм къалэхэм тыншыпIэхэр къыщызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ къалэнышхуэхэр къапэщытщ. Жылагъуэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыныр щIыналъэхэм яIэну зыужьыныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэщ. А лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ, къуажэхэр, къалэхэр къощIэрэщIэж, цIыхухэм я псэукIэр йофIакIуэ, зыщагъэпсэхуну щIыпIэ дахэхэр къоунэху. А Iуэхур хохьэ Урысейм и Президентым пщэрылъ нэхъыщхьэу къигъэувахэм. Къапщтэмэ, а проектымкIэ Урысейм къыщагъэщIэрэщIэжащ парк мини 9-м нэблагъэ. Ар псори къэралым унагъуэм, ди сабийхэм я къэкIуэнум хуищI гулъытэр къэзыгъэлъагъуэщ», - жиIащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

Мы илъэсым къриубыдэу зэIузэпэщ ящIыну я мурадщ жылагъуэ щIыпIэу мини 5, абы щыщу мин 1,3-р паркхэращ.

**Бадзэуэгъуэм и 10,** *махуэку*

♦**1922 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэнфэн Алим**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Щоджэн Iэбу**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Срыкъуэ ХьэмщIасэ**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ибрэхьим Хьэмзэт**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Сэбаншы Хъусен**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ **Шэрджэс Iэсият**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 33-рэ, жэщым градус 22 - 23-рэ щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

**Бадзэуэгъуэм и 11,** *мэрем*

♦**ЦIыху бжыгъэм хэхъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Шоколадым и дунейпсо махуэщ**

♦**1958 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр Монголием кIуащ, абы и лъэпкъ махуэшхуэм хэтын папщIэ.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIэрэф Майе**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Къуныжь Алим**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 33 - 34-рэ, жэщым градус 23-рэ щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

*Зыгъэхьэзырар* ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Ныбэм измэ, щIакхъуэр цIынэщ.**

# Къинащ цIыхубэм я гум

**● Дызэкъуэту**

**«Хэкум и пащхьэм щызиIэ къалэнхэр пщIэ пылъу згъэзэщIащ, ЦIыхубэм ягуми игъащIэкIи сыкъинащ» фIэщыгъэр зиIэ фэеплъ пхъэбгъу ин иджыблагъэ къыщызэIуахащ Прохладнэ къалэм дэт тхыдэ-хэкурыдж музейм. ЩIыхь пхъэбгъум фIэлъщ Урысейм ди гъунэгъу къэралым щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам (СВО) хэкIуэда щIыпIэ щIалэхэм я сурэтхэр, я цIэ-унэцIэхэр кIэщIэтыжу.**

ПРОХЛАДНЭ щIыналъэм хыхьэ жылэхэм ящыщу Хэкум папщIэ зи псэр зыта щIалэ 74-м, СВО-м и лIыхъужь нэс хъуахэм, я фэеплъым пщIэ хуащIыну пэкIум цIыху куэд къекIуэлIат. Абыхэм ящыщт а гуауэшхуэр къызытепсыха адэ-анэхэр, щIалэхэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, ныбжьэгъухэр, зауэм и ветеранхэр, СВО-м хэтхэр. Зэхуэсым зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м и Парламентым и депутат Марцуль Олег, Прохладнэ къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм социальнэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ ПщыцIыкIу Алеся, дин лэжьакIуэ Калинин Евгений, «Хэкум и хъумакIуэхэр» урысейпсо фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм и IэщIагъэлIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ къэралым и щхьэхуитыныгъэр яхъумэу зи гъащIэр зыта ди хэкуэгъу щIалэхэм я фэеплъым. Къыхэдгъэщынщи, а проектыр зи жэрдэмыр щIыпIэм щыщ хэкупсэ Ларионовэ Ларисэщ. АдэкIэ утыкум кърашащ зауэлIхэм я адэ-анэхэр, ныбжьэгъухэр. Ахэр къызэхуэсахэм ядэгуэшащ зэпэщIэувэныгъэм хэкIуэда щIалэхэм ятеухуа гукъэкIыжхэмкIэ.

ПэкIум кърихьэлIахэм, Хэкум папщIэ зи псэр зыта зауэлIхэм я адэ-анэхэм фIыщIэ ин хуащIащ Ларионовэ Ларисэ, щIыпIэ самоуправленэм и депутат Чикунов Михаил сымэ, пхъэбгъур къызэгъэпэщыным я къаруи, зэфIэкIи, мылъкуи зэрыхалъхьам папщIэ.

Къэралым и къыщхьэщыжакIуэ нэсу щыта ди лъахэгъу щIалэхэу зауэ губгъуэм зи щхьэр щызыгъэтIылъахэм я фэеплъ нэхухэр мыкIуэдыжын ирехъу.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Зи гъащIэм емыблэжа

**Дызэрыт зэманыр гъэнщIащ къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ, Iуэхугъуэ хьэлъэхэмкIэ, абыхэм ехьэлIа гупсысэ куухэмкIэ. Ди къэрал щхьэхуитыныгъэм къыщхьэщыхьа шынагъуэр щхьэщыхыным хуэунэтIауэ илъэс еплIанэ хъуауэ УФ-м и Президентым и унафэкIэ гъунэгъу щIыналъэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам епхащ абыхэм я нэхъыбэр.**

Лъэхъэнэ гугъухэм лIыхъужьхэр къагъэщIу жаIэри, ари щынэрылъагъущ нобэрей ди дунейм. Абы и щапхъэ нэсхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам хэту щхьэмыгъазэу бийм пэщIэта адыгэ щIалэщIэ Урым Алим Албиян и къуэм (2000 - 2025) и гъащIэ мащIэр. Зи ныбжькIэ илъэс 25-м нэмыса Алим хэлъа лIыгъэмрэ къигъэлъэгъуа хахуагъэмрэ лIэужькIэрэ лъэпкъыр зэрыгушхуэнухэм ящыщщ. Къэмылэнджагъэ ин зыхэлъа зауэлI хахуэм и псэр Хэкум папщIэ итащ...

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ хэт, лейтенант нэхъыжь, мотострелковэ батальоным и командирым и къуэдзэ Урым Алим Албиян и къуэм зауэ губгъуэм гъатхэпэм и 13-м лIыгъэшхуэ щызэрихьащ. ЕбгъэрыкIуэныгъэм хэт ди зауэлIхэм я шынагъуэншагъэр къызэригъэпэщу, Урымым къиухуташ бий гуп. Iуэхур зыIутыр командирым жриIа нэужь, унафэ ящIащ а националистхэм япэщIэувэн хуейуэ. Урымыр ящыщащ япэу а Iуэхум яужь ихьахэм икIи унафэр игъэзэщIащ, лIыгъэ хэлъу. А зэхэуэ гуащIэм зауэлI хахуэр, Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ нэсыр уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ икIи и псэр щитащ...» - апхуэдэу къитауэ щытащ «Махуэм и лIыхъужь» фIэщыгъэр иIэу дзэ Iуэху хэхам теухуа хъыбархэр къэзыт хабзэ «Урысей-24» къэралпсо телеканалым... Къэрал псом щызэлъащIыса апхуэдиз лIыгъэ зыхэлъа адыгэ щIалэщIэр бадзэуэгъуэм и пэщIэдзэ махуэхэм илъэс 25-рэ ирикъунут, псэужамэ...

Урымхэ Албиянрэ Оксанэрэ я унагъуэ дахэм я бын нэхъыщIэт Алим. И шынэхъыжьхэм я щапхъэм тету, Алими къэхъуат адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ и гъуазэу, лъэпкъ гъэсэныгъэ дахэ хэлъу. Тэрч къалэм дэт школ-интернат №8-р ехъулIэныгъэкIэ къиухри, 2016 гъэм Алим щIэтIысхьащ Налшык дэт Гуманитар-техникэ колледжым. Зэрихабзэу, ари фIы дыдэу къиухащ. Еджэныр зэфIэзыха щIалэщIэм триухуащ, зэрылажьэм хуэдэурэ, бгъэдэлъ щIэныгъэм адэкIи хигъэхъуэну. А гуращэр и гъуэгугъэлъагъуэу, ар 2019 гъэм щIэтIысхьащ Москва Дунейпсо университетым Минводы къалэм щиIэ къудамэм. Ари ехъулIэныгъэкIэ 2023 гъэм къиухащ.

Еджэным зы илъэс фIэкIа химыгъэщIауэ, Алим 2020 гъэм дзэм ираджащ, Хэкум къулыкъу хуищIэну. ЩIыхь зыпылъ а къалэныр Урымым кърихьэлIащ пщIэрэ щытхъурэ иIэу, дзэпщхэр къыхуэарэзырэ къулыкъу къыдэзыщIэхэми ящыщ ныбжьэгъуфI куэд зригъэгъуэтауэ. Хэкупсэу щыт, гъащIэр, щалъхуа щIыналъэр, къэралышхуэр фIыуэ зылъагъу щIалэ IэбыдэлъэбыдэмкIэ къулыкъу нэужьым мурад ищIащ дзэм къыщынэжыну икIи 2022 гъэм и щIышылэ мазэм Iэ щIидзащ а Iуэхугъуэм епха къэрал дэфтэрым. Къэралым гъунэгъу щIыналъэм щригъэкIуэкIыну дзэ Iуэху хэхар яублэным мазэ иIэжу арат абы щыгъуэ. Урым Алим ящыщащ а зэпэщIэувэныгъэм япэу ягъэкIуахэм.

КъызыхэкIа адыгэ лъэпкъ уардэм и цIыхухъу пажэхэм ещхьу, хахуагъэ инрэ лIыхъужьыгъэ нэсрэ зыхэлъ, захуагъэмрэ пэжымрэ я телъхьэ Алим щIэх дыдэу хуэIэижь хъуащ зауэ хуэIухуэщIэхэм. АбыкIэ зэфIэкIышхуэ къызыкъуэкI щIалэщIэр и къулыкъукIи, и IэнатIэкIи дэкIуейуэ хуежьащ. Къыхуагъэув къалэнхэр, пщэрылъ къыхуащI Iуэхугъуэхэр къызыхуэтыншэу икIи и чэзум зэфIихыу IэнатIэр езыхьэкI щIалэм пщIэ щиIэт и унафэщIхэм я пащхьэми, езым и нэIэм щIэт зауэлI гупым хэтхэм я дежи. Бгъэдэлъ апхуэдэ зэфIэкIхэм къапэкIуауэ Урым Алим и бгъэгум щылыдырт Жуковым и цIэр зезыхьэ медалыр, «Зауэ зэфIэкIхэм папщIэ», «Дзэ Iуэху хэхам зэрыхэтым папщIэ», «Хахуагъэм папщIэ» дамыгъэ лъапIэхэр.

Быным я нэхъыщIэм хэлъ лIыгъэм иригушхуэрт ар къызыхэкIа унагъуэм исхэр. Я къуажэгъу щIалэм ирипагэрт ар щеджа курыт школым и егъэджакIуэхэр, еджакIуэ цIыкIухэр. Зыгъэпсэхугъуэ къыщыкIуэж махуэ зыбжанэм Алим ирагъэблагъэрт республикэпсо, районпсо зэIущIэхэм. Ар щеджа школым хэкупсэ пшыхьхэр къыщызэрагъэпэщырти, фронтым Iут а щIалэщIэми абы и ныбжьэгъухэу зауэ губгъуэм итхэми епсэлъылIэрт жылэм къыдэхъуэ щIэблэр. Апхуэдэ зэхуэзэхэм мыхьэнэшхуэ яIэт ныбжьыщIэхэр Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ нэсу гъэсэнымкIэ.

Бгъэдэлъ зауэ зэфIэкIхэм къадэкIуэу, цIыхугъэ ин, зэхэщIыкI лъагэ, гууз-лыуз зиIэт лейтенант нэхъыжь Урымыр. Ар яхуэнабдзэгубдзаплъэт зи пашэ сэлэтхэм, абыхэм я гъащIэр зэрихъумэным хущIэкъуу. Апхуэдэущ ар зэрыщытар и псэр щита гъатхэпэ махуэми: лагъымыдз гупым я пашэ лейтенант нэхъыжьыр псоми япэ ищри, бий бзаджэм пэщIэуващ. Бийр хэзыгъэщIа офицер щIалэр абы къытридза уIэгъэ хьэлъэм къелакъым. Алим и псэр итащ, и ныбжьэгъухэм я гъащIэр, къэралым и сэбэп зыхэлъхэр ихъумэу.

Урым Алим и гъуэгуанэр и щыхьэтщ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, Хэкумрэ цIыхубэм я къыщхьэщыжакIуэу щытыныр зыгъэнэхъапэ ди адыгэ лъэпкъым и щIалэхэм гушхуэ зэракIуэцIылъым, ахэр щапхъэ зытрахыу гупым зэрахэтым, щхьэмыгъазэу бийм дапщэщи зэрапэщIэтым. ФIыщIэ ин яхуэфащэщ апхуэдэ бын зыгъэса нэхъыжьхэм, адэ-анэм. Адыгэ щIалэщIэм и ахърэтыр нэху ухъу.

МыкIуэдыжынщ Урым Алим хуэдэхэм я фэеплъыр. ЛIыхъужь нэсым, офицер хахуэм и гъащIэр щапхъэ яхурырехъу ар къызыхэкIа Урымхэ я лъэпкъми, щалъхуа жылэм, ди щIыналъэм къихъуэ щIэблэми. Езыр дунейм темытыжми, Урымыр ноби къытхэтщ зэрихьа лIыгъэ инхэмрэ хахуагъэшхуэмкIэ. Апхуэдэхэращ адыгэм щIыжиIар: «Псэу лIа нэхърэ - лIа псэу».

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# ГугъуехьхэмирагъэкIуэтакъым

**● Зауэм и бынхэр**

**ЦIыхум и гъащIэм къриубыдэу апхуэдизкIэ Iуэху куэдыIуэ къылъыкъуокIри, щыгужьеи къохъу, хэкIыпIэ лъэпкъ имыIэу къыфIэщIу. Ауэ и мурадыр, гъащIэм къыпихыну зыхуейр, абы щиубыдыну увыпIэр зыщIэжым ерыщу а гъуэгуанэр екIу, зы щхьэкIи къимыгъанэу, лъэпощхьэпор къызэринэкIыу.**

АПХУЭДЭЩ Плановскэ жылэжьым щалъхуа, щеджа икIи щылэжьа Алэщ Лидэ Хьалид и пхъур. Ар ящыщщ зауэм и бынхэу ябжхэм, зи адэр зымылъэгъуахэм, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыдащIылIа зауэ бзаджэм ар гуауэу зыIэщIихахэм. Адэм и нэгу имыплъами, абы и фэеплъхэр гум щихъумэрт, и анэ Мадинэт къыжриIэжауэ щыта хъыбархэмкIэ. Зауэм ипэкIэ ар бригадиру колхозым щылажьэрт. Лидэ къалъхуа къудейт, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди щIыгум къыщизэрыхьам.

Хэкур зыхъумэжыну тэджа цIыху гуащIафIэхэм ягъусэу дэкIат адэр, анэм бынитхур къыхуэнэри. Ахэр хуэпэн, гъэшхэн хуейтэкъэ?! Куэдрэ къахуихуащ абыхэм яшхын унэм щыщIэмылъа. Анэр губгъуэм жэщ хъуху итт, пщыхьэщхьэм къекIуэлIэжамэ, жьыщIэн, тхьэщIэн, пщэфIэн хуейт, я шхын тIэкIу кърихьэлIэфамэ. Жэщым, нэху щыху жыхуаIэм хуэдэу, а Iуэхухэр ищIауэ, тэмэму зимыгъэпсэхуауэ аргуэру пщэдджыжьым жыхуэ дэкIырт. Сабийхэр зым адрейр кIэлъыплъу унэм щIэст, я анэр къыщыкIуэжыным пэплъэу, абы и къэсыжыгъуэр я гурыфIыгъуэу. Къуажэм цIыхухъуу дэсыр зауэм зэрыкIуам къыхэкIыу, лэжьыгъэ псори бзылъхугъэхэм я пщэ къыдэхуат. Анэм телъ бэлыхьыр зылъагъу цIыкIухэм, абы зэрызыщIагъэкъуэным яужь итт, яхузэфIэкI ящIэрт.

Ахэр къыдэкIуэтея нэужь, Мадинэт и Iуэхур тIэкIу нэхъ тынш хъуат. Зауэр иухыу бийм пэщIэтахэм ящыщу къэнар я унэм къыщыкIуэжым, Хьалид абыхэм къахэхуатэкъым, унагъуэм къаIэрыхьагъэххэт ар хъыбарыншэу зэрыкIуэдар зэрыт тхылъыр. Ауэ, хэт ищIэрэ, яукIауэ къыщамытхакIэ псэууэ къыкъуэкIыжмэ, жаIэу, Iэджэрэ пэплъащ бын унагъуэр. Зауэ нэужьым унагъуэри тIэкIу нэхъ зэтеувэж хуэдэу хъуат.

Мадинэт лъэсакIуэу къуажэ школым ягъэува нэужь, ахъшэ гуэрхэр унагъуэм къихьэ хъуат. Джэдкъаз тIэкIуи зэрагъэпэщат, хадэхэкIыу хасэхэр сабийхэр зэдэIэпыкъуурэ зэрахьэрт, анэр щыхущIыхьэ зэзэмызэм яхэтт. Мадинэт сабийхэм унагъуэ Iуэхур яхуигуэшырти, лэжьапIэ кIуэрт. Анэм и псалъэр тIэу жыIэ ящIыртэкъым. Апхуэдэурэ сабийхэри балигъыпIэ иуващ.

Курыт еджапIэм щыщIэса илъэсхэм Лидэ егугъуу, жыIэдаIуэу, лэжьыгъэу кърагъэпэщIэу къекIуэкIащ. Класс нэхъыжьхэм нэса нэужь, жану хэтащ спортымкIэ школым щекIуэкI зэпеуэхэм. Псом хуэмыдэу волейболымкIэ зэфIэкI ин къигъэлъагъуэрти, район, республикэ зэхьэзэхуэхэм куэдрэ ягъакIуэрт. Нэхъыбэм ягугъат, школыр къиухмэ, спортымкIэ факультетым щIэтIысхьэну.

АрщхьэкIэ...еджапIэр 1961 гъэм къэзыуха хъыджэбзийм фермэщIэм лэжьэн щыщIадзащ. ИужькIэ абы щIалэгъуалэ фермэкIэ еджэу хъури, ехъулIэныгъэхэр къагъэлъагъуэу илъэс зыбжанэкIэ щылэжьахэщ. Дауи, ехъулIэныгъэ тыншыкIэм зыIэрыбгъэхьэну, ауэ ахэр ящыщтэкъым гугъуехьхэм ирагъэкIуэтхэм. Арати, районми республикэми я IуэхущIафэхэмкIэ къыщацIыхуауэ лэжьащ, фIыщIэрэ щытхъурэ къахьу, щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ кърату.

Фермэм и Iуэхухэр зэфIэувауэ лэжьыгъэ тэмэм ирагъэкIуэкIыу щыхъум, хъыджэбзхэм я еджэным адэкIэ пащащ. Лидэ и дэфтэрхэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зоотехникхэр щагъэхьэзыр и къудамэм иритри, экзаменхэри фIы дыдэу итауэ щытащ. Ауэ, очнэу еджэну и унагъуэ IуэхухэмкIэ къимыкIыу, заочнэ зригъэщIыжри еджащ. И дэльху, шыпхъу нэхъыжьхэр псори унагъуэ хъуати, а зырат анэм дэIэпыкъуэгъуу къыхуэнар. Мадинэт и узыншагъэр щIэгъуэжтэкъыми, зэпымыууэ зыгуэр кIэлъыплъын хуей хъурт. Лидэ унагъуэ Iуэхури лэжьыгъэри зэдихьырт.

Къалэну и пщэм илъ псори зэригъэзащIэм хуэдэурэ, Лидэ университетыр къиухри зоотехник-селекционеру дипломыр кърaтыжащ. Еджэурэ щылажьэм и зэфIэкIхэм колхоз правленэр фIыуэ щыгъуазэ хъуати, гъэш фермэм учётчицэу ягъэкIуащ. А лэжьыгъэм абы зыкъыщигъэлъэгъуащ цIыху гумызагъэу, и къалэным хуэпэжу, щхьэх имыщIэу. Фермэм щызекIуэ документхэр псори тэмэму гъэхьэзырауэ, зыхуейр тыншу къигъуэтыфу, кIэлъыплъакIуэ къакIуэм дэфтэрхэр псынщIэу яригъэлъагъуфу апхуэдэт. Абы ищIэрт дэтхэнэ зы жэмышми шэ къишыр зыхуэдизыр, зэхьэзэхуэм хэт дапхуэдэу ехъулIэми. Ауэ, Лидэ якIэлъыплъ къудейтэкъым жэмышхэм: сымаджэм е Iуэху зиIэу къыдэмыкIахэм я жэмхэр къишырт, нэхъ ешауэ гу зылъитэм дэIэпыкъурт.

А зэманым партым и райкомым и япэ секретарь Елъкъэн Динэ фермэм техьауэ, диплом зиIэ IэщIагъэлIыр жэмышу щилъагъум, яжриIат ныбжьыщIэхэм гъуэгу етын зэрыхуейр. Арати, фермэ зэгъэпэща щащIым, абы и унафэщIу Лидэ ягъэуваууэ щытащ. ЦIыхубзым и пщэ къыдалъхьар къалэнышхуэми, зи къарури, зи зэфIэкIри лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным тезыухуа пщащэм, гугъуехь Iэджэ къыжьэхэуами, фIыщIэ пылъу и къулыкъур ирихьэкIащ.

Илъэс куэдкIэ колхоз унафэщIу щыта Хьэжу Анатолэ IэщIагъэлIхэр егупсысауэ къыхихырти, я лэжьыгъэм кIэлъыплъурэ заригъэужьырт, я зэфIэкIым, Iэзагъэм хэгъэхъуэнымкIэ щIэгъэкъуэн хъурт. Абы фIыуэ ищIэрт дэтхэнэ IэщIагъэлIми хузэфIэкIынур. Лидэ зоотехник нэхъыщхьэу щигъэувам зэрыщымыуар накIуэ хъуат. Хьэжу Анатолэ «Сыту цIыхуфI куэд сцIыхуу щыта», жыхуиIэ и тхылъым Лидэ щхьэкIэ мыпхуэдэу щетх: «Лидэ Хьалид и пхъур, илъэс куэдкIэ гъэш фермэм и унафэщIу лэжьащ. Ар зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщат, зэманым къигъэув къалэнхэм пэлъэщын хуэдэу. Республикэм щапхъэу къыщалъытэу мы фермэр зэрылэжьар зи фIыщIэр мыщхьэхыжу, емызэшыжу, зи лэжьыгъэм гупсэхуу пэрыта Алэщ Лидэт».

Игурэ и псэрэ етауэ зи къалэныр зыгъэзащIэ IэщIагъэлIым сытри къохъулIэ. Лидэ и гуащIэдэкI хьэлэлым щытхъу псалъэ, фIыщIэ тхылъ куэд къыпэкIуащ. Абы кърaтащ «Ветеран труда», «Зауэм и бынхэр» зытет медалхэр.

**КЪАН Ринэ.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

# Лъэпкъ хьэлымрэ алэрыбгъуэмрэ

**2025 гъэм и мэкъуауэгъуэр Къуэкlыпlэ Гъунэгъум иджыри зы мафlэс къыздрыщыхьэмкlэ ихуащ. Зи гугъу тщlыр «Махуэ 12-кlэ екlуэкlа зауэ» зыфlаща, Израильмрэ Иранымрэ я зэпэщlэтыныгъэрщ.**

ПОЛИТИКЭМ къыщыхъу-къыщыщlэхэм нобэ щыгъуазэ зыпщlыну гугъуехьым - хъыбарыщlэхэм дыкъызагъэзыlэ икlи дагъэжьакlэ. Сыри къызыхэгъэщ ФэдиримыкIэ Израиль зэлэжьу гъуазэфашэ и ядерно Iэщlэхэм ебгъэрыкlуэ зищlри, мэкъуауэгъуэм и 13-м дзэм и лlыщхьэхэмрэ щlэныгъэлlэ зыбжанэрэ иригъэувлащ, дзэ инфраструктурэр, къэрал Iуэхущlапlэхэр, пэпкъ телевиденэр зыщlэс хэщlапlэри яхэту, лагъымкlэ зэтрикъутащ. Жэуапым пэмыплъа Израиль Ираным хьэрэкlыпlэхэмрэ цlыху зэрымыс езырыпльатэхэмрэ кърируты пщыжри, Хайфэ кьалэм дэт, щыдагъэр зэзыгъэкlуэкl заводыр зэтрикъутащ, псэуалъэхэм, езджапlэхэм зэран яхуэхъуащ. Мэкъуауэгъуэм и 22-м зэпэщlэтыныгъэм къыхэуващ Израиль ищlэ псори къыдэзыlыгъ США-р. Зауэр кlыхьлlэ къэгъэлэгъонымкlэ нэхъыфlэ дыдэ хэзыщlыхьар УФ-м и Президент Путин Владимирщ. Аращ Ираным хамэ къэрал Iуэхущхьэкlэ и министр Арагчи Аббас Мэзкуу къезыгъэблэгъари, абы хэзэгъэ Израиль и премьер-министр Нетаньяху бенъямин епсальэу, лъэныкъуитlым я псалъэкэр зэпэщlэтэри, Дэ щыхъукlэ, фlыщlэ пэрыди зэзыгъэкlу США-м и президент Трамп Дональд зауэр езым кьигъэувылlауэ зигъэlори, Нобель сыгъэтым и «Мамырыгъэ тыгъэр» къыхуагъэфэщъну къагъэлъэгъащ. «Къэзыгъэхъеяу игъэувылэжащ», - араш нэхъыбэм я Iуэхум хуэдэр. Ауэ саугъэтыр кьылэжьауэ щыlэжащэр Ираным пэмыльэщыкlэ къэгъэзэжа Израиль нэхъ удынышхъэм къызэрыригъэларауэ къыщlэкlынущ.

«Ираным лъэпкъым я пашэ Хамунеи, сэ нэмыщlамэ, яукlат», - жиlа нэужь, Трампи абы игъэзакlуэ Израилым и тетыгъуэми яхуэфащэ жэуап яритыжащ Ираным хамэ къэрал Iуэхущхьэкlэ и министр Арагчи Аббас. «Ираным щыщхэр цlыху быдзышlэхэлъри дызэрырыщи къагъэлъагъуэ лэжьыгъэшхуэ зэтхьэлlэ, бэшэчагъэшхуэ хэлъу сыхьэт куэдкlэ зэлуащэ ди алэрыбгъуэхэм, - щабэу иришэжьат и псалъэр Арагчи. – Ауэ ди лъэпкъ хьэлым и гугъу пщlымэ, дызытетыр зыщ: дэ дызищlысыр дощlэж, ди щхьэхуитыныгъэм и уасэр кърагурогуэ икlи зи зыми унафэ зыхуэдгъэщlынукъым. США-м и Президент Трамп Дональди ди лъэпкъым и пашэ Хаменей Алий игъэпуду, абы гу къабзэкlэ бгъэдэт цlыху мелуанхэм я гум щlеуэн щыlэкъым».

Гулъытэншэу Арагчи къигъэнакъым Израиль: «Зи лъэкlыныгъэ ин, игъэшынэ е и напэр трахын мурадкlэ къэжьэхэм ар яхуэзыщlапlэ иран лъэпкъышхуэм дуней псом яригъэлъэгъуащ Израилыр ди хьэрэкlыпlэхэм къелын папщlэ, «папэ цlыкlу» дежьэ ягъэ хуэтхьэсыхэну фlэкlа Iэмал зэримыlэр (зи гугъу ищlыр США-рщ - Ч.М.). Жэуап фэдмытыжьфынкlэ фыгугъэу, фыкъытуфэлэрыгъэмэ, Иранымрэ Iэмал псори къызэрызэкъуукынум шэч къытевмыхьэ», - пхъашэу яухащ министрым и псалъэхэр. Хаменей Алий иран лъэпкъым мы зауэ кlэщlым къещlыхьа текlуныгъэмкlэ зэрехъуэхъуам зэгуигъэпа Трамп кьытехьэ-теуж зищlу Iэуэлъэуэ нэужь, Иранымсанкцэхэр зэрыщхьэщакъыжьым зыхуагъэзащlэ. Ираным къэзыгъэлъэгъуащ, Израилым лей кьытемыхьэн папщlэ.

Арагчи зи гугъу ищlа иран ялэрыбгъуэхэм ятеуухуаи псалъэмтlысыкlэ къыпытщэнут. «Алэрыбгъумрэ» «Иран» псалъэмрэ пластэмрэ ышlысымрэ хэдзу зокlу икlи зэгъусэщ. Абыхэм ильэс минитlыми нэблагъэ тхыдэшхуэ ищlащ. Щыlэныгъэ ездыкlэм я езыхэм я лъэпкъ-быдэгъу тхыпхъэхэр яlэжу, я зэлущlэкlэкlи зэтемыхуэу апхуэдэщ. Тебриз, Керман, Мешхед, Кашан, Исфахан, Наине, Кумэ щlыпlэхэм щызэlуащэ алэрыбгъуэкъэ ящlэ, Къуэкlыпlэ Гъунэгъум щызэбгрыкlащ. Музейхэм зэрыщlэтым нэмыщl, сурэтыхьэ щlагъэкъэ уlутlэныкъуэм пэрыдэ къэзыгъэлъэгъэн щыгъуазэ зэпызыпlлъыхьэхэр имыту. Нэхъ пасэрейхэм хабжь «Пазырык» алэрыбгъуэ Ахеменидхэм я лъэхъэнэм кьежьауэ кьалъытэ. Ар «торкибаф» зыфlаща тхыпхъэхэмкlэ зэлуащэ, зы деципметр зэбгъэзнатlэм хуэдэу зэрыдэа 3600-рэ хуэзэ. Перс алэрыбгъуэм я «дыщ лъэхъэнэ» кьалъытэр VIII - XIV лlэщlыгъуэхэрщ. Исльам щэнхабзэм уэру зыщиужьа а лъэхъэнэм щlэныгъэм усыгъэми, экономикэми, гупсысэми хуиту зыщиубгъуат, алэрыбгъу зэlущэ Iэзагъри хэту. Къуэкlыпlэ Гъунэгъум ит щlэныгъэхэр щэнщхэу эныгъэ зэрыхъуэщlам, уеблэмэ абы и лъабжьэр зэрагъэпытыгъам и дзыгъэкlэ, цlыху и Iэужь дахэр ди нобэми къэсащ. Апхуэдэ щэнхабзэ бей зиlэ къэралхэр зауэхэмыкl утыкум ибукlэныр хэт и Iэужьу щытми, цlыхугъэр и щlыбкlэ зыгъэкlуэтэж lэбэкlэщ.

Алэрыбгъу зэlущэкlэ зыlэзмэ Къэбэрдей-Балъкъэрэр цlэрыlуэу щытащ. Сыт хуэдиз гукъэкlыж дахэ етха болэтей дэта «Горянка» алэрыбгъу фабрикэм. Иджыбланэ «Газета Юга»-р тепсэлъыхьащ Налшык дэта «Горянка» артелми, ар зэрымылэжьыр игу къеуэу. Тэмакъкlыхьагъым зезыгъэжьа Iэщlагъэхэр кlуэдыжьых, гъащlэм и Iэфlми зыгуэр зэрыкlэрыхур нэрылъагъущ.

# Налшык зыузэщlыпlэ зыхуэхъуа сурэтыщ

**Урысейм щыщlэрыIуэ сурэтыщ Алёхин Митрофан «Налшык бэзэр» зи цlэ лэжьыгъэ зэриlэм нэмыщl, езыри ди щыпlэм щыпсэуауэ къыщlэкlащ.**

ТОЛСТОЙ Лев и гупсысэкlэр зи лъабжьэ философиер псэукlэ хабзэ хуэхъуарэ тхакlуэшхуэм хуэзэу, хуэтхэу, дэлажьэу щытащ Алёхиныр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщlэхэр» тхыльым абы и гъащlэ гъэзгум теухуауэ къыщыдгъэуза сатыр зыбжанэм къыхощ абы и псэукlэр зэрымытыншар. Къэралым щызекlуэ диным къыгуэкlауэ къалъытэу, «толстовец» Алёхиныр тезыр папщlэу Кавказым къагъэlэпэтауэ арат. Налшык къыдэтlысхьэн игъэкlэ абы ирихьэкlа гъащlэм теухуауэ псалъэ зыбжанэ итхауэ щытащ жылагъуэ лэжьакlуэ Котляров Виктор. Сурэтыщlыр 1854 гъэм Курск щыпсэу уэрэкъунагъуэм къыхэкlащ. 1882 - 1888 гъэхэм ар щеджащ Императорым и цlэр зезыхьэ сурэтыщlэкlэ академием. Ехъулlэныгъэ зэриlэм и щыхьэту, етlуанэ, ещанэ нагъыщэ зиlэ дыжьын медалхэр къыхуагъэфащэри, «2-нэ нагъыщэ зиlэ сурэтыщl Iэзэ» цlэри къыфlащауэ щытащ.

Урысейр гъаблэшхуэм щиубыдам щыгъуэ, Толстой Лев и бынхэр и гъусэу щыIухэм ядэlэпыкъуэгъэ щызэхэзэкlуэм, тхакlуэм Алёхинри и гъусауэ къыщlокl. Езым хуэдэ «Толстоим и уж итхэм» яхыхьа нэужь, Митрофан 1892 гъэм тхакlуэр Рязан областым щызыгъэщlыкуащ икlи гъаблэм жиубыдахэм ядэlэпыкъуэр щыщlажьэ Бегичевкэ къуажэм кlуэрейуэ щытащ. Зэрыжаlэжьымкlэ, Алёхинымрэ Толстоймрэ зэlэпхаха тхыгъэ куэд щыlащ.

Пащтыхьыгъуэм тезыр къытрилъхьэу, Тэрч областым хыхьэ Налшык кьалэ къагъэкlуэн ипэ, и къуэш Аркадий зыдигъэlэпыкъуурэ, Алёхиным жылагъуэ лэжьыгъэшхуэ зэфlигъэкlауэ къыхощlыж и биографием. Зэкъуэшхэм Курск, Харьков губерниехэм мэкъуамэш артелхэр къыщызэрагъэпэщауэ щытащ. Толстоим и уж зэриубам щхьэкlэ, езы Алёхиным полицэм и нэlэ къытет хуэри, ди щыналъэм къызэрыщыкlутар къызэралым къыдигъуа а куаншагъэрщ.

Алёхинир 1895 гъэм Налшык кьэlэпхъуэри, илъэс 40-кlэ щыпсэуащ, щыщlалъхьэжьари аращ. И цlэр къыдзэзыгъэлъэхъуар «Налшык бэзэр» сурэтыр арауэ щытми, ди щlыналъэр къызэрыщlэдкlэжьащ зыбжанэ иlэу къыщlэкlащ абы: «Бгыпхъэ къуажэ», «Бгырысым и сурэт», «Бгырыс сабий», къинэмыщlкэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ музейм щlэлъщ япэ бгырыс-журт уэзщlакlуэ Гилядов Камуил и цlыхьэгъуэм и сурэт.

Алёхинир зэманышхуэкlэ республикэм сурэтыщ зэкъуэу иса щ, пединститутым щылажьэу. Урыс тхакlуэшхуэм зэрыхуэпэжам и щlыхьэту, Алёхиным къызэринэкlащ Толстоим и иужьрей дакъикъэхэр къыщыгъэлъэгъуа теплъэгъуэхэрэ. Уеблэмэ «Толстойр и псэр хэкlын ипэ» и цlэу сурэт иlэщ. Къэралым щыщlэрыIуэ сурэт 30-м нэс къызэринэкlащ Алёхиным.

Сурэтыщlым и фэеплъыр кьалэм щыхэкlуэдэкакъым. 1998 гъэм Гъуазджэхэмкlэ музейм щагъэлъэпlащ Алёхин Митрофан къызэралъхурэ илъэси 140-рэ зэрыри-къуар.

Алёхинир Налшык къагъэlэпхъуа нэужьи, Толстоим и ужьым итхэм къаззрыхэнари гъэщlагъэунщ. Къызэрыщlэкlымкlэ, Налшык и Iэгъуэблагъэм, Долинск хьэблэм «толстовецхэм» я гуп хъарзынэ щызэIуакlэт а лъэхъэнэм. Алёхинир абыхэм я гупсэу щытауэ ягъэхъыбарыж. Мэзкуу хуэдэ кьалэшхуэм щыпсэуэрэ пэт, мэкъумэшым и псэр етауэ, дэнэ щlыпlи щlым къыпыкlыр къыщыпахыным цlыхухэр тригъэгушхуэу псэуащ сурэтыщlыр. И цlэр гъуазджэм хуабжьу зэрыщигъэlуами уи фэщ ещl ар цlыху къыздэсыгъэкlыу зэрыщымыгъар. Апхуэдэ цlыхухэм я фlыгъэкlэ Кавказымрэ Урысеймрэ нэхъ зэпэжа мэхъу, хабзэрэ бзэкlэ зэгъэмыхуэ цlыхухэм зыр адрейм къыгурогуэ, езым емыщхьэхэми я хьэтыр илъагъуэ зрегъасэ.

Гъуазджэрылажьэ Шлыков В. А. «Къэбэрдей-Балъкъэрыр Алёхиным и зэчиим зыузэщlыпlэ хуэхъуэу пхужыIэнущ. Езыр фlы дыдэу къыуегъэщlыху «Автопортрет» зыфlища сурэтым. Псом хуэмыдэу гукъинэжщ «ПлIэ тхъэмбылыфэ зыщlыгъ хъыджэбзыр». Апхуэдэу цlыху къыщзрыгуэкlхэм я псэукlэм щыщ теплъэгъуэхэр гъащlэм къыхихпхъуэтыкlыфу щытащ Алёхиныр».

Сурэтым щыфlыгъэ «Налшык бэзэрри» ди тlысэмрэ щlыналъэмрэ гур езыщалlэ лэжьыгъэ дахэу къызэринэкlащ Толстойр зи нэIуасэу щыта ди лъахэгъум.

*гъуэхэм датеплъэкъукlа хуэдэу хъуащ, ахэр къэбэрдей-шэрджэс бзэ къудамэм къизыгъэзэгъэн зэрыщымыlам, щыlэхэри къызэрытлъэмыlэсам къыхэкlыу. А лъэныкъуэмкlэ укъеплъмэ, Мыхъщым и Iэдакъэщlэкlхэр ди дежкlэ иджыри щlэрыпсщ, абы къикlащи - щlэщыгъуэщ. Илъэс зыбжанэ ипэкlэ «Агыр Т.» цlэ-унэцlэмкlэ фlэкlа хэлъщlыу зищlыну хуэмея зэдзэкlакlуэм и фыгъэкlэ, Мыхъщ Чэрим и усэ Iэрамэ къыпIэрыхьауэ щытащ. Абыхэм нэгъуэщl къакlэпlыкlэкlэ дыгугъэурэ, дгъэгува усэхэр нобэ къытыдогъэ.*

*Уэзджэр гунэс пщыхъуа нэужьщ «Хэт ар зытхар?» упщlэр къыщыувыр. Нэхъ дызэса силлабо-тоникэ жылхъэр мащlэу къезгъэзэкlыу пlэрэ жылIэу, итlанэмэ псалъэ къигъэщхьэпэкэм екlу макъамэ щабэ яlэжу апхуэдэщ мы сатырхэр. И гугъу умыщlыхьэ абыхэм япэ къэсым тхылъымпlэм иримыгъэзэгъэф, цlыхум нэхъыбэм къыхуэмыIуатэу зэрыщымыгъэгъэф, цlыхум гурыщlэхэмрэ мыхьэнэхэмрэ бзэ къазэрыхуигъуэтыфам.*



# Абазэ щlалэм и усыгъэр

***Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цlыхубз усакlуэ Мыхъщ Чэрим (1949 - 2001) лъэпкъкlэ абазэщ. Ново-Кувинск къуажэм къыщыхъуа щlалэм къикlуа усакlуэ гъуэгуанэр мыкIыхь дыдэми, «абазэхэм иджыри илъэс минкlэ къахэхъуэхьыну къыщlэкlынкъым апхуэдэ усакlуэ» жриГъэ Iэфащ, цlыхугум щIимыхужри аращ.***

***Зэрыхъу хабзэу, «лъэпкъ мащlэхэм» хабжэ ди гъунэгъуэм я тхыдэмкlэ, мыхьэнэхэр бзэ къазэрыхуигъуэтыфам.***

## МЫХЪЩ Чэрим

*Зэзыдзэкlар* **АГЫР Т.**

* * *

Мис, къоху апхуэдэу -
Уигу зыгуэр къизэрыхьмэ,
Уегъэджэрэзри абы,
Ущигъэскъым зы махуэ.
Ауэ уи пащхьэм и дежьар
Ирикlуэу къыщигъуалъхьэкlэ,
Уотынышъкри, упоплъэ
Нэгъуэщl зыгуэрым.

Мыпхуэдэу си гум
Кlэхъуэри лъагъуныгъэр,
Къэсцщыхъут абы сэ
Сыкъымыгъэзэжыну зэи.
Ауэ сигъэджэрэзами куэдрэ,
Иджы сатыркlэ илъщ си пащхьэ,
арыншэныр.

* * *

Ди къуажэм сыкъыхоплъэ жыжьэу -
Къокlуатэ пшыхьыр, содаIуэ.
Зы уэздыгъэ къыщоблэ къуажапщэмкlэ,
Зы уэздыгъэ ищхъэрэмкlэ щыщlонэ.

Зэхукъуэплъ фlэкlа,
зэбгъэдыхьэфкъым,
Зэкрапэнуlати, мэукlытэ.
Зырызу я зэхуаку къыдэувэурэ,
Жэщ уэздыгъэхэр зырызу къыхонэ.

Мис апхуэдэу зэгуэрым, зэман гуэр япэ,
Илъэс зы пщыкlубгъу ди япэкlэIуэ
пlэрэт?
Уэ укъыщалъхуащ ди къуажэм
и къуажапщэм,
Сэ сыщалъхуащ а къуажэм и
ищхъэрэмкlэ.

Дызэхукъуэплът, дызэбгъэдэмыхьэфу -
Ди гъащlэр къимыгъэзэжыну блэкlт.
Сыт хуэдиз къыздэувар ди зэхуакум,
Дызэрымыгъэутын щхьэкlэ уэрэ сэрэ?!

* * *

Зы гъащlэ закъуэр, сенычыщхьэ
закъуэр -
Уэс жьыбгъэр кхожьэ, щыIэри
Iей мэхъу.
Уримыджэгу, маржэ, уи сеныч ыщхьэ
закъуэм,
Жьыбгъэм иумыгъэгъэункlыфI,
жьэгу мафlэ къыхэщlыкl.

## Ущlыхэщэтыкlыр

«Хьэлъэу узыгъэщатэр сыт,
зэм-зэми ухэскlыкlыу, -
щабэу укъызоIуэсэри, жоIэ, - сыт
мыгъэр къоузрэ?»
Дауэ бжеlэну, си lофI!
Куэд щlауэ спкърымыкlыу,
Мы си гъащlэр, зэрыщlэжрэ,
мыувыlэжу къызоуз сэ.

* * *

Япэу къыщысхуэкlуам си лъагъуныгъэр,
Уэ сыпхуэлlэу, сыпхуэлlэу мы си гур
гумэщlт.
Дыщыпсэуамэ аратэкъэ уэрэ сэрэ
А езы ди уэрамым и дежь.

Жьыбгъэ куэд къепщакlэщ,
Ди къуажэм сыкъыщыдэкlа лъандэрэ.
Нэщхъеибзэу жызоIэ зэпыт, мис иджы:
Дыщыпсэуамэ аратэкъэ уэрэ сэрэ
А езы ди къуажэм и дежь.

Си чэзу къэсу дунейр щысхъуэжкlэ,
Абдежми сыщегупсысыну
къыщlэкlынщ зэ:

Дыщыпсэуатэмэ аратэкъэ уэрэ сэрэ
А езы ди дунейм и дежь.

* * *

Уэ сыпщыгъупщэжащ...
Щрет апхуэдэу.
Дыхьэшхэнэ уэздыгъэ щlэгъэнар
махуэ шэджагъуэм.
Зыми зихъуэжьынукъым уэ уи дежкlэ,
Зы махуэ гуэрым уигу сыкъэкlыжми.

Зэгуэр сыкъызэрыдэкlыжам
согупсысыж уи пщlантlэм.
Сыкъызэрыдэкlыжам,
«дыкlэ» жызмыlэфу.
Апхуэдэу дыкlэрокlыж ди гъащlэми,
Псалъэр зэрылейр къыдгурыIуэрэ.

## Сыкъыщымыкlуэжыххэм

Къыспэплъэу щыта нэхущ нурхэр
кlуэдыжащ,
Сыкъэщымыкlуэжыххэм.
Ди анэм игъэпщтыра шейри
упщlыIужащ,
Сыкъэщымыкlуэжыххэм.
Дыщэ нэпскlэ кьыегъаха...
си кlарцейри гъужащ,
ди гупэм деж,
Сыкъэщымыкlуэжыххэм.
Бжыхьэм тет ди адакъэри къелъэжащ,
Сыкъэщымыкlуэжыххэм.
Щlехъумэ уэсым, мис, си лъагъуэр,
лъэужьыр,
Сыкъэщымыкlуэжыххэм.
«Иджы укъэмыкlуэжыххэ!» - жиlащ
езыми,
Сыкъэщымыкlуэжыххэм.

* * *

Къурухэр къокlуэж,
Дыгуфlэжын щхьэкlэ,
Цlыхухэр къэщlокl,
Уафэмкlэ пlэзэну.

Цlыхухэм ящlэкъым,
Къызэрымыпльэгъыр зы къру,
Уlэгъэ хьэлъэ гуэр техуэу,
Къэгуоурэ зэрылlар.

Къурухэм яхуэдэ къэпсэ
Гъуэгу сытетщ игъащlэм.
Зэ сыкъапльэурэ ди къуажэмкlэ
Сыщылlэжмэ зыщlыпlэ сэри.
Щыпежьэжэкlэрэ
Къэкlуэжам гуфlэгъуэкlэ,
Гу лъатэну пlэрэ
Сыкъызэрымыкlуэжам сэ?

## Къест уэсыр

Къест уэсыр, къест уэсыр, къест...
«Къызэжьэ» зыхуэмылам деж
сыкlэуэу-сынеуэ сыщыттт.
Мис кlуащ... зы сыхьэт, сыхьэтитl,
зы махуэ...
Зы тхьэмахуэ, мазэ ныкъуэ, зы мазэ
Илъэс кlуащ...
Мис, икlащ илъэсищэри...
Укъызэрымыкlуэрат згъэщlагъуэр,
Ауэ нэхъри нэхъ згъэщlагъуэр
Мы уэсыр зэрымыувыlэжыр.

Етlуанэ илъэсищэм
Щыхьэхъэм си ежьэныр,
Лъэ макъ гуэрхэр къэIуащ.
Сынаплъэмэ, - укъокlуэ!
Уэзрыпlащlэм къыхэкlыу,
Уи lэлъэщlым къыщlэхуа уи щхьэцым
Налкъутналмэсу уэсыр хэсу.
«Къыскуэлъэлъэр! - жыпlащ уэ,
Укъыскуэлъэлlэри, моу щабэ-щабэу...
Къест уэсыр, къест уэсыр, къест...
Къест уэсыр, къест...

*Зыгъэхьэзырар* **КЪУДЕЙ Iэминэщ.**

# НэгъуэщlынэкIэ укъеплъмэ

**Гупсысэ гъэщlэгъэнкlэ интернет утыкум къыхьащ Мэхъчкъалэ дэт Аварт театрым и унафэщl Бисавалиев Мухьэмэд. Абы Къавказым щыпсэухэр къыхуреджэ Лермонтовым и «Ди зэманым и лIыхъужь» романым нэгъуэщlынэкlэ епlлыжыну.**

«МЫХЪУМЫЩlАГЪЭЩ а Лермонтовым итхар, - къыжьэдэхуащ зы-махуэ си ныбжьэгъу тхыдэдж Тахнаевэ Патимэт, - етх Мухьэмэд. - Аззмэт и шыпхъур урыс офицерым шы щхьэкlэ иритынкlэ Iэмал иlэтэкъым». Псалъэмакъым пытщакъым, ауэ абы лъандэрэ сэр-сэру сегупсысурэ, пщыхэщlхьэм щlэрыщlэу «Ди зэманым и лIыхъужьым» и «Бэлэ» Iыхьэм седэIуэжащ, апщlондэкlэ сыщыщlалэм генийуэ къэслъытэу щыта тхакlуэм хузиlэ пщlэм фIыуэ кlэрыхуащ. Школым къызэрыщыджаlэу щытам ещlхьу, иджыри сэкlэ бгырысхэр фIыуэ илъагъу, хуитыныгъэм щlэбэн усакlуэ зэчиифlэу къыщыхуэныкъуэ щытар иджы хабзи бзылъхьи зымыщlэ лъэпкъ къуэдрыхуэу къалъытэу щытахэм къытщыдыхьэшхыу къыщыхуэныкъуащ.

Iуэхум хэзыщыкlыхэм папщlэ, романым къыщыхъур фигу къэзгъэкlыжынщ. Адыгэ щlалэ ныбжьыщlэ Аззмэт урысхэм емынкъуэкъу адыгэпщым и куэщ. Ар зэранщlакlуэ Къазбэч и шым зэрехъэпсар зыльэгъуа Печориным, «уи шыпхъур къыскухэбгъэкlуасэмэ, Къазбэч и шыр къыпIэрыгъэхъэнщ» жиlэри къыгурыгъащ. Щlалэм и шыпхъур щэхуу ешэри, урыс офицерым ирет, езым шыр ирехужьэри щlопхъэж. И къуэш Iэгъуэ тхащ романыр, уэ езыр цухэтым хуэдэу, нэгъуэщжьщ. Ауэ уегупсысэжмэ, упщlэ куэд къоув. Япэрауэ, Кавказ зауэм и зэманым адыгэм и шыпхъур шыкlэ къыхъуэжынкlэ Iэмал иlэтэкъым, ар мымурлъымэным зэрыритым и гугъу умыщlыхьи. Сыту жыпlэмэ, абы къыхъудихьину напэтехьэр езыми и лакъуэми игъащlэкlи зыкlэрагъэкъабзэкlыжы-фынутэкъым. Ар зыщlэфар и адэм и закъуэтэкъым зыукlыжынур, и лъэпкъым щыщ дэтхэнэ цlыхухъуми Iэщlэкlуэдэнут. Етlуанэрауэ, и шыпхъум и гугъу умыщlыхъу ирихужьжьафэнут Аззмэт Къазбэч и шыр, Печориныр хэмыту. Шы щхьэкlэ апхуэдэ напэтех и лъэпкъым сыту къыхужимыхьэт щlалэм? Иджыпсту къызэрызгурыIуэмкlэ, Лермонтовым романыр зыкуитхар урыс щlэдэжыкlакlуэхэрщ, Кавказым щыщ дэтхэнэ зыри Аззмэт ещlхьу акъылыншэу, Iалу, и шыпхъу дыдэм, уеблэмэ дэтхэнэ цlыхубзми, ар шыпхъу, щхьэгъусэ, е фIыуэ итхауэ пщащэ ирехъу, япэ шыр иригъэш хуэдэу къащlигъэхъуну хуейуэ.

Дэвгъэплъыт Лермонтовым щlэпхъаджащlэ Къазбэч Iуриплъа уэрэдым и псалъэхэм: «Хъыджэбз дахэ куэд ди къуажэхэм дэсщ, жэщ ваигъэр я нэ кугъуэм исым ещlхьу, нэфIыщlэжу. Ауэ абыхэм нэхъри щыфIэр нэхъ лъапIэщ. Дыщэм фызипlлкъыщlэкlынущ, шыфIым уасэ иlэкъым».

Нэгъуэщlу жыпlэмэ, Кавказым щыпсэухэр цlыху мыгъасэ Iэлщ. Абыхэм я щыпхъухэри, щхьэгъусэхэри, хъыджэбзхэри шым щlатыфынщ, мыхьэнэ зиlэ гуэру къызэрамыпльэгъуа къыхэкlыу. Пщlышхуэ щыIэщlэкlащ абдежым урыс поручик Лермонтовым, сыту жыпlэмэ, ар Кавказым щыпсэухэм я гупсысэкlэмкlэ, дуней тетыкlэми, хабзэхэми техуэркъым, псом хэмылдэу Кавказ зауэм и зэманым. Ауэ урыс щlэджыкlакlуэм дежкlэ, дауи, ар гъащlэгъуэт. Иджы согупсыс: сыт а романым дэ зэкъуэгъуэхэр апхуэдизу щlитхьэкъуэ? Сэри сигу ирохь абы и бзэри, зэрызэхэгъэувари, ауэ Кавказым щекlуэкl гъащlэм епlлытмэ, пэж зыри хэткъым абы. Аращ Аварт театрым и иджырей спектакль сезоным ар щlыхэдмыгъэхьар. «Мыри», «Демон», «Хьэжы Абрадж», «Валерик» хуэдэхэр, е Лермонтовым Кавказыр фIыуэ зэрырагъэпэжыр къыщигъэлъагъуэ усэхэр утыкум къыпхъэ хъунущ. Ауэ Бытырбыкъу дэсхэр Iэгу иригъэувэн папщlэ, кавказырыскэр хэкlэкхъуэкlэу къыщигъэлъагъуэ зэрыщымыдыхэмейуэ къызолъытэ».

Бисавалиевыр зытепсэлъыхь, «Ди зэманым и лIыхъужь» романым щыщ «Бэлэ» Iыхьэр Къардэн Бубэ адыгэбзэкlэ зэридзэкlауэ щытащ. Дагъыстэн театрым къыщlэта псалъэмакъыр ди щхьэусыгъуэу, ди тхыгъэр Бубэ и здзэкlыгъэ зыхуей хуэзам щыпычыгъуэкlэ зэхуэтщlыжыщ:

«Сэ гутедзэкlэ Тифлис сыкъэкlыжырт. Си гум хьэлъэу илъыр зэрыхъур зы шумэдзан цlыкlут, - абы и зэхуэдитlыр Грузием теухуауэ тха гъэзгу тхыгъэхэмкlэ кудаух. Абыхэм я нэхъыбэр, фи насыпти, кlуэдащ, ауэ шумэданыр, адрей хьэпшыпхэр щыгъуэу, си насыпти, хэмыкlуэдыкlауэ кьэнащ».

*«Махуэкум» и къыдэкlыгъуэр зыгъэхьэзырар*
**ЧЭРИМ Марианнэщ.**

# Гъэмахуэ пшыхьым уэрэдыр щхьэщыту!

**Налшыдэсхэр, республикэм и къэлэхэмрэ къуажэхэмрэ щыщхэр, ди гъунэгъу республикэхэм я къэкIа хьэщIэхэр бадзэуэгъуэм и 5-м, пщыхьэщхьэ дахэу, щызэхуэсащ Гъэмахуэ театрым. Псори куэд щIауэ пэплъэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим щIыхь зиIэ я артист, Шэшэн Республикэм и цIыхубэ артист Апэнэс Астемыр и уэрэд пшыхьым.**

ЦIЫХУБЭМ я гум макъ жьгърукIэ, утыку итыкIэ еклыкIэ, гукъыдэжыр зыIэт гушыIэ дахэкIэ дыхьэ уэрэджыакIуэм и концертым тIысыпIэ нэщI иIэтэкIым, дауи. Ныбжь зиIэхэри, щIалэгъуалэри, сабийхэри зэхуишэсащ уэрэджыакIуэм. Сыт абы кьыджиIэр? Сыт хуэдэ ныбжьым итми Астемыр и утыку итыкIэм зэрыдыхьэхьырщ, псэхуГъуэ гуэр зэрыхилъагъуэрщ. Апэнэсым и дэтхэнэ утыку ихьэгъуэри гукъинэ ещI игъэзащIэ уэрэдэхэм щIэщыгъуэ зэрыхэлъым. Пасэрей макъамэ гъэIуклэм ирегъэкIуф иджырей Iэмалхэри. Псалъэм и хьэтыркIэ, Бэдыноккъуэ пшыналъэр игъэззэщIэнщ, иджырей макъ зэщIэжьыуэ Iэмалхэмкlэ ар щIигъэбыдэрэ, зыхэпсэукI эзманым деIкIу щIалэгъуалэм я гум дыхьэу.

Макъамэ пшыхьыр зэрекIуэкIынур зыкъомкIэ елъытагъэнщ абы пэщIэдзэ хуащIым. АтIэ мы пшыхьым и щIэдзэкIэми Гъэмахуэ театрым щIэсхэр зэуэ зыIэпишащ, нэхъапэкIэ зримыхьэлIа щIэщыгъуэ пигъаплъэу! ЦIыхухэр зыпэплъар гъэпэжьи хуейтэкъэ! Ари фIы дыдэу къайхъулIащ уэрэджыакIуэми концертыр къызэгъэпэщыным елэжьа Гъукlакъуэ Идар и гупми. Псоми дощIэ Апэнэсым игъэзащIэ «Бела чао» уэрэдым клип гъэщIэгъуэн зэрыдэщIыгъур - фэимьхьэгъуэ плъыжькIэ хуэпарэ я нэкIури масскIэ гъэпщIкIуауэ къэфакIуэ гупым ягъэдахэ ар. Апхуэдэ «шыфэлIыфэ» зиIэ щIалитI цIыхухэм я ямыхьащ, джэгурэ гушыIэжу. Гъэмахуэрэ, уи хъуреягъэщ жыгрэщхъуантIагъэу, уафэм и гущIэм уиплъэу уэрэду узыщIэдзIынухэм уапэлъэныр сыт и уасэ! Апхуэдэ гукъэджыр, нэхърэ къыщIалIэтащ «Белла чао»-м и лIыхъужьхэм» - залым щIэсхэм яхьыхащ, ядэгушыIащ, зылъысми псы трауткащ. Утыкум икъэжщ, нэкIыупхъуэр зыIуахри - зыр Тхьэмыгпокъуэ Славикт (езыгъэкIуэкIар), адрейр - Апэнэс Астемыр! Тхьэмыгпокъуэ концертым щыIэсхэр гуапэу къиргъэблэгъащ, я гукъыдэжыр утыкум щекIуэкIынум хигъэхьэзыр, гушыIэ дахэкIэ къыдихьэщ. ПэщIэдзэу «Новые люди» партым и лIыкIуэхэм «AirPods» наушникэр иратащ джэгукIэ зи насып къихьахэм.

**Усакlуэ, Iуэрыlуатэм и дыщэ пхъуантэм и хъумакIуэ, анэдэлъхубзэр япэ изыгъэщу зи гъащIэр езыхьэкIа адыгэлI щыпкъэ, УФ-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм хэта, КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шэрджэс Алий «Яхуэмыфащэу лъэныкъуэ едгъэза псалъэхэр» и тхылъым къитхыжхэм ящыщщ мыхэри.**

**Гъубжьдэжь** - мэшых щIыхьэхум псом нэхърэ нэхъ псынщIэу, кIабзэу лажьэ мэшыхым фIащу щыта щIыхьыцIэт.

**Гъубжьдэх** - мэшыр (просо) Iухыжьын яуха нэужь, зэхаублэу щыта тхъэлъэIу.

**Гъудэгын** - илъэс бжыгъэкIэ къэкI удэ хущхъуэ.

**Гъуей** - 1) гъурц куэд здит щIыпIэ; 2) напэм кьытекIэ цы щабэ цIыкIуэр.

**Гъуза** - гъуща, гъур дыдэ хъуа (лы, фэ, нэгъуэщI абы хуэдэхэри)

**Гъуийсий** - щIымахуэм и щIыIэгъуэ дыдэ.

**Гъуклэхъуэвэ** - гъукIэм губгъуэм щIиэ и щIы Iыхьэр жьлэм зэрыхуабэм апхуэдэу еджэрт, гъэмахуэ щIымахуи, якъуэдэдэхэм я пхъэIэщи, вабдзи фIэбэи, кьитхьи яхуэзэрищIэзахуэу, вэгъуэм дежи губгъуэм и гъунэм гъуклэхэр здэлъэщIэну жьыгъуэджэ-жьэуанIэр (нэщIэщыр) яхудиуэ зэрадзIэпкъым папщIэ.

**Гъулэ** - насыпыншагъэ къехъулIауэ, мылъку е ерысыкы къэхъиуIыкъэзыкIуэ лъэIуакIуэм хужаIэ.

**Гъумыщтхъэн** - гъуэхъуэн.

**Гъуоуж** - зыр и гъунэгъум вгуоумэ, адрейр адэкIэ гуоужурэ къэхъуар жьлэм зэрыхахьэ Iэмалым апхуэдэу йоджэ.

**Гъупщчий** - гъупщым (хур кьыэзыщIалIыкIа мэш хьэуазэ) къыхэщIыкIа чий цIыкIу.

**Гъупщшхий** - гъупщым щIщ зы шхий цIыкIу.

**Гъурб** - тIорысэ хъуа жыгхэм япкъэм кьищIэ гъуанэщ.

**Гъурнуан** - джэдур мэгъурнау, джэдум и пырхъ щабэм и макъ.

**Гъурхъын** - кхъуэн и пэр, «хъур-ур-хъур» жриГъэIэу зэрипагъажэ.

**Гъухьбжыхь** - IуэхутхъэбзащIэ, Iэпыдзлъэпыдз.

**Гъущlлэпс** - жырыр щапсыхькIэ зыхагъауэ псы.

**Гъущlлъэдий** - пкъыгъуэхэр зэрызгъэзэубыд гъущI яе.

**Гъущlмывэ** - гъущI къызыхагъэткIыкI мывэ.

**Гъущlыпэ** - гъущIым къыхэха.

**Гъу** - 1) ГъущIэкI; 2) пхъэIэщIэр мыуфэрэкIыу щIым зэрытеувэ лъагу.

**Дагуэ** - зи тхьэкIумэ лъэныкъуэр пыупщIа е тIури кIэщI Iэщым хужаIэ.

**Дадэкъуапэ** - и ныбжьым емылъытауэ сабий Iущыцэ.

**Дазэ** - гъущIым е пхъэм къыхэщIыкIа гуэрхэр щызэрагъэубыдкIэ я зэхуаку къыдэхъуэ дэуплэ.

**Дакъэгъуазэ** - фочI дакъэм нэхъ и гъунэгъу гъуазэр.

**Дакъэхэкlэ** - жьэгум деж, бжэ лъэныкъуэмкIэ нэхъ щIыIэу, хащIыхь тетIысхьэпIэ, и пщIэр нэхъ лъагъэIуэ.

**Далэ** - 1) хамэбзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къищта «зэман» жыхуэтIэм анэдэлъхубзэкIэ и цIэ дыдэраш; 2) зэман кIэщI, зэ джэгугъуэ.

**Дамэгу** - дамэ Iушэ.

**Дамэкъуэ** - пхъэ быдзэм къыхэха, щхьэ нэхъ гъум зыкIэт баш, выхэр щыщIащIэкIэ бжьынэм ирагъэлъадэу, выр бжьым щIиIыгъэ.

**Дамэкъуэ зэгуэгъэ** - фэлъыпхэр дальэфурэ зэрагъэщIабэ Iэмэпсымэ.

**Дамэкъуэ шыхьа** - зы бжьым хурикъун дамэкъуэ зэкIуэцIыпха.

**Дамбырэ: дамбырэу гъэIун** - зыгуэр Iэтауэ гъэIун, худэпхъеин.

**Дамыгъэпщ** - унагъуэм е лъэпкъым я зэхуэдэ дамыгъэ.

**Дамыгъэрыт** - иероглиф.

**Даналъэ (спорт)** - зэдзэкэзэм я илъыпIэ итха.

**Данэкъаз** - данэ IалъэщI, хужь-пIъыфэ зэмыфэгъуэ, нысащIэхэм я Iэпщэ-лъапщэхэм иращIэрт.

**Данэпс** - данэщэкI пIащIэ, тепхъуэ ящIу.

**Даныстэ** - латиныбзэкIэ «данцет» жыхуиIэ псалъэм къытекIащ, мывэпупI, мывэдз.

**Дарэ** - лэжьэгъу, ныбжьэгъужэрэгъу.

**Дарэгъу** - еплъ дарэ.

**Дарбыщ** - «дервиш» псалъэм къытекIащ, щих.

**Дарий жыг** - тутей жыг.

**Дариморф** - пщэдэлъ пIащIэ ящI дарий щэкI лэужьыгъуэ.

**Дарс** - адыгэ ахъшэу щытащ: зы гъэлапIэ дарсыр - зы щай, зы дыщэ дарсыр - дыжьын дарси 5 хъурт, гъэлапIэ дарсу 80 хъурт, зы дыжьын дарсыр - къызэрыкIуэ дарс 16 хъурт.

**Дафэ** - 1) дэм къыхэщIыкIа зэфIэблэ: щIэщIэ, дэ пыIэ, дэ щIопщ, дэ баш, дэ нып; 2) дэм и фэ.

**Дафэзэфlэхь** - епль дафэзехьэ.

**Дафэзехьэ** - шыгъажэ зэпеуэ, дафэм щыщI къахьыну.

**Дафыкъу** - Африкэм щыпсэу хьэIуцIыдз лIэужьыгъуэ.

**Дэгъэфэн: гум дэгъэфэн** - гум дэгъэхуэн.

**Дэдэхэъу** - ажэ гущхъуэ, мыбы щхьэкIэ зэблэдзауэ «дждзэхъу» жаIэ.

**Дэжал** - цIыху лъагъуэуей.

**Дэжыг** - пасэм щыгъуэ адыгэхэм хамэу къаххыхэ сатущIэкэм, сондзджэрэхэм апхуэдэу ядэгъэт.

**Дэжыгlалъэ** - дыгъэр къыкъуэкIын игъэ къихуэу къуэкIыпIэмкIэ къухьэж вагъуэу астрономхэм Сириус (Ахъшэм вагъуэ) жыхуаIэр пщIэджджьыпIэ нэхутхъэхуэ уафэ нэзым къыщхьэщIыгъэ Нэхущ Багъуэра къыфIэщIу, дэжыгыр гъугъум тезыщэу дыгъужьым езыгъэшхарщ.

**Дэкlыгъэдэжэ** - зыгуэрым еубзэу къыдэзыжьыхь, хуэIуэхутхъэбзащIэ.

**Дэлэл** - фIыуэ зэрыльагъуэхэм яку дэт, я Iуэху зезыхуэ цIыху.

*Тедзэныем хуэзыгъэхъэзырар*
**КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.**

● ЩIэныгъэ

# Анэдэлъхубзэу беялъэ

**Гъубжьдэжь** - мэшых щIыхьэхум псом нэхърэ нэхъ псынщIэу, кIабзэу лажьэ мэшыхым фIащу щыта щIыхьыцIэт.

**Гъубжьдэх** - мэшыр (просо) Iухыжьын яуха нэужь, зэхаублэу щыта тхъэлъэIу.

**Гъудэгын** - илъэс бжыгъэкIэ къэкI удэ хущхъуэ.

**Гъуей** - 1) гъурц куэд здит щIыпIэ; 2) напэм кьытекIэ цы щабэ цIыкIуэр.

**Гъуза** - гъуща, гъур дыдэ хъуа (лы, фэ, нэгъуэщI абы хуэдэхэри)

**Гъуийсий** - щIымахуэм и щIыIэгъуэ дыдэ.

**Гъуклэхъуэвэ** - гъукIэм губгъуэм щIиэ и щIы Iыхьэр жьлэм зэрыхуабэм апхуэдэу еджэрт, гъэмахуэ щIымахуи, якъуэдэдэхэм я пхъэIэщи, вабдзи фIэбэи, кьитхьи яхуэзэрищIэзахуэу, вэгъуэм дежи губгъуэм и гъунэм гъуклэхэр здэлъэщIэну жьыгъуэджэ-жьэуанIэр (нэщIэщыр) яхудиуэ зэрадзIэпкъым папщIэ.

**Гъулэ** - насыпыншагъэ къехъулIауэ, мылъку е ерысыкы къэхъиуIыкъэзыкIуэ лъэIуакIуэм хужаIэ.

**Гъумыщтхъэн** - гъуэхъуэн.

**Гъуоуж** - зыр и гъунэгъум вгуоумэ, адрейр адэкIэ гуоужурэ къэхъуар жьлэм зэрыхахьэ Iэмалым апхуэдэу йоджэ.

**Гъупщчий** - гъупщым (хур кьыэзыщIалIыкIа мэш хьэуазэ) къыхэщIыкIа чий цIыкIу.

**Гъупщшхий** - гъупщым щIщ зы шхий цIыкIу.

**Гъурб** - тIорысэ хъуа жыгхэм япкъэм кьищIэ гъуанэщ.

**Гъурнуан** - джэдур мэгъурнау, джэдум и пырхъ щабэм и макъ.

**Гъурхъын** - кхъуэн и пэр, «хъур-ур-хъур» жриГъэIэу зэрипагъажэ.

**Гъухьбжыхь** - IуэхутхъэбзащIэ, Iэпыдзлъэпыдз.

**Гъущlлэпс** - жырыр щапсыхькIэ зыхагъауэ псы.

**Гъущlлъэдий** - пкъыгъуэхэр зэрызгъэзэубыд гъущI яе.

**Гъущlмывэ** - гъущI къызыхагъэткIыкI мывэ.

**Гъущlыпэ** - гъущIым къыхэха.

**Гъу** - 1) ГъущIэкI; 2) пхъэIэщIэр мыуфэрэкIыу щIым зэрытеувэ лъагу.

**Дагуэ** - зи тхьэкIумэ лъэныкъуэр пыупщIа е тIури кIэщI Iэщым хужаIэ.

**Дадэкъуапэ** - и ныбжьым емылъытауэ сабий Iущыцэ.

**Дазэ** - гъущIым е пхъэм къыхэщIыкIа гуэрхэр щызэрагъэубыдкIэ я зэхуаку къыдэхъуэ дэуплэ.

**Дакъэгъуазэ** - фочI дакъэм нэхъ и гъунэгъу гъуазэр.

**Дакъэхэкlэ** - жьэгум деж, бжэ лъэныкъуэмкIэ нэхъ щIыIэу, хащIыхь тетIысхьэпIэ, и пщIэр нэхъ лъагъэIуэ.

**Далэ** - 1) хамэбзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къищта «зэман» жыхуэтIэм анэдэлъхубзэкIэ и цIэ дыдэраш; 2) зэман кIэщI, зэ джэгугъуэ.

**Дамэгу** - дамэ Iушэ.

**Дамэкъуэ** - пхъэ быдзэм къыхэха, щхьэ нэхъ гъум зыкIэт баш, выхэр щыщIащIэкIэ бжьынэм ирагъэлъадэу, выр бжьым щIиIыгъэ.

**Дамэкъуэ зэгуэгъэ** - фэлъыпхэр дальэфурэ зэрагъэщIабэ Iэмэпсымэ.

**Дамэкъуэ шыхьа** - зы бжьым хурикъун дамэкъуэ зэкIуэцIыпха.

**Дамбырэ: дамбырэу гъэIун** - зыгуэр Iэтауэ гъэIун, худэпхъеин.

**Дамыгъэпщ** - унагъуэм е лъэпкъым я зэхуэдэ дамыгъэ.

**Дамыгъэрыт** - иероглиф.

**Даналъэ (спорт)** - зэдзэкэзэм я илъыпIэ итха.

**Данэкъаз** - данэ IалъэщI, хужь-пIъыфэ зэмыфэгъуэ, нысащIэхэм я Iэпщэ-лъапщэхэм иращIэрт.

**Данэпс** - данэщэкI пIащIэ, тепхъуэ ящIу.

**Даныстэ** - латиныбзэкIэ «данцет» жыхуиIэ псалъэм къытекIащ, мывэпупI, мывэдз.

**Дарэ** - лэжьэгъу, ныбжьэгъужэрэгъу.

**Дарэгъу** - еплъ дарэ.

**Дарбыщ** - «дервиш» псалъэм къытекIащ, щих.

**Дарий жыг** - тутей жыг.

**Дариморф** - пщэдэлъ пIащIэ ящI дарий щэкI лэужьыгъуэ.

**Дарс** - адыгэ ахъшэу щытащ: зы гъэлапIэ дарсыр - зы щай, зы дыщэ дарсыр - дыжьын дарси 5 хъурт, гъэлапIэ дарсу 80 хъурт, зы дыжьын дарсыр - къызэрыкIуэ дарс 16 хъурт.

**Дафэ** - 1) дэм къыхэщIыкIа зэфIэблэ: щIэщIэ, дэ пыIэ, дэ щIопщ, дэ баш, дэ нып; 2) дэм и фэ.

**Дафэзэфlэхь** - епль дафэзехьэ.

**Дафэзехьэ** - шыгъажэ зэпеуэ, дафэм щыщI къахьыну.

**Дэбыкъу** - Африкэм щыпсэу хьэIуцIыдз лIэужьыгъуэ.

**Дэгъэфэн: гум дэгъэфэн** - гум дэгъэхуэн.

**Дэдэхэъу** - ажэ гущхъуэ, мыбы щхьэкIэ зэблэдзауэ «дждзэхъу» жаIэ.

**Дэжал** - цIыху лъагъуэуей.

**Дэжыг** - пасэм щыгъуэ адыгэхэм хамэу къаххыхэ сатущIэкэм, сондзджэрэхэм апхуэдэу ядэгъэт.

**Дэжыгlалъэ** - дыгъэр къыкъуэкIын игъэ къихуэу къуэкIыпIэмкIэ къухьэж вагъуэу астрономхэм Сириус (Ахъшэм вагъуэ) жыхуаIэр пщIэджджьыпIэ нэхутхъэхуэ уафэ нэзым къыщхьэщIыгъэ Нэхущ Багъуэра къыфIэщIу, дэжыгыр гъугъум тезыщэу дыгъужьым езыгъэшхарщ.

**Дэкlыгъэдэжэ** - зыгуэрым еубзэу къыдэзыжьыхь, хуэIуэхутхъэбзащIэ.

**Дэлэл** - фIыуэ зэрыльагъуэхэм яку дэт, я Iуэху зезыхуэ цIыху.

*Тедзэныем хуэзыгъэхъэзырар*
**КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.**

# Къуэ къызэрыхуалъхуамкlэ йохъуэхъу

**Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу, Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэмрэ дзэ къулыкъущIэхэмрэ видеоролик узыIэпызышэ ягъэхьэзырат. Ар теухуат ведомствэм щIэмыст хъумакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я унагъуэм кьихьуа насыпым - къуэ къызэрыхуалъхуам.**

РЕСПУБЛИКЭ перинатальнэ центрым зэанэзэкъуэр къыщIатхыкIыжащ унагъуэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу. Адэ-анэ насыпыфIэхэм ехъуэхуащ я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, апхуэдэуи а махуэр дагъэлъэпIэну къэкIуа я лэжьагъуэхэр.

«Ди псэм къыбгъэдэкIыу дыныбжьхъуэхъу фыузыншэну, зэхэщIыкIыныгъэрэ кIуэцIахэм хуабжьу я нэгу зиужьащ. Абыхэм ялъагъуащ топ хырыкIырыбгъырыбл зэрыдагъэкIар.

Ягъэлэпхъуа зэIущIэхэм ящыщу тIу бэрэжьей кIуам зэхэтыжащ. Абыхэм языIм «Искра»-м 6:0-у щыхигъэщIащ «Урыхуэр». Адрейм «Логоваз»-м зы топ закъэури щыхурикъуащ Малкэ текIуэныгъэр щызыIэригъэхьэн папщIэ.

Гъащхьэзыгъэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ «Тэрчым» щыджэгу Iэщын Аслъэн. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм абы я хьэрхуэрэгъуэхэм топ пщыкIуэ щыхуди-гъэкIащ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Черкес»** (ШэджэмI) - **8:0**, **«Урыху»** (Урыху) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **3:5**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **7:1**, **«Искра»** (Альтуд) - **«Малка»** (Малкэ) - **5:2**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«Нартан»** (Нартан) - **3:4**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Логоваз»** (Бабугент) - **4:2**.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *бадзэуэгъуэм и 12-м* - «Урыху» - «Искра», «Псыгуэнсу» - «Нартан»; *бадзэуэгъуэм и 13-м* - «Бедик» - «Черкес», «Тэрч» - «Ислъэмей», «Логоваз» - «Спартак-Д», «Родник» - «Малка» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

● Футбол

# Хэт и бжыгъэр нэхъ ин?

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зы чэзу джэгугъуэм щызэIущIа командэхэм топ куэд дыдэ дагъэкIащ. Топджэгум дихьэхэрэм абы дэрэжэгъуэ ин кьызэрыритам шэч хэлъкъым.**

IУэхур Тэрч къалэм щызэхаублащ. Джылахъстэнейхэм кхъухеблэгъа Шэджэм и «Черкес»-м хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэм зыри пигъэувыфакъым. Арати, «Тэрчыр» 8:0-у текIуащ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зы очко закъуэ кьищIыкIыжыхьа Урыху къуажэм и командэм Ислъэмей кьикIэхэр икIуэкI хагъэзэхьакIэ, я гуэрми топ дагъэкIащ. Арщхьэкlэ хэгъэрейхэр нэхъыбэжрэ хагъэщIэжащ икIи 3:5-уэ аргуэру фIахьащ.

Псынэдахэ и «Родник»-ри щыхьакъым Налшык и «Спартак-Д»-м и футболист ныбжьыщIэхэм. Абы и гуэрми дагъэкIа топыблим и жэуапу къалэрыхьэжар зы закъуэщ.

Альтуди, Аргудани, Псыгуэнсуи я стадионхэм къэкIэлIахэм хуабжьу я нэгу зиужьащ. Абыхэм ялъагъуащ топ хырыкIырыбгъырыбл зэрыдагъэкIар.

Ягъэлэпхъуа зэIущIэхэм ящыщу тIу бэрэжьей кIуам зэхэтыжащ. Абыхэм языIм «Искра»-м 6:0-у щыхигъэщIащ «Урыхуэр». Адрейм «Логоваз»-м зы топ закъэури щыхурикъуащ Малкэ текIуэныгъэр щызыIэригъэхьэн папщIэ.

Гъащхьэзыгъэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ «Тэрчым» щыджэгу Iэщын Аслъэн. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм абы я хьэрхуэрэгъуэхэм топ пщыкIуэ щыхуди-гъэкIащ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Черкес»** (ШэджэмI) - **8:0**, **«Урыху»** (Урыху) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **3:5**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **7:1**, **«Искра»** (Альтуд) - **«Малка»** (Малкэ) - **5:2**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«Нартан»** (Нартан) - **3:4**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Логоваз»** (Бабугент) - **4:2**.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *бадзэуэгъуэм и 12-м* - «Урыху» - «Искра», «Псыгуэнсу» - «Нартан»; *бадзэуэгъуэм и 13-м* - «Бедик» - «Черкес», «Тэрч» - «Ислъэмей», «Логоваз» - «Спартак-Д», «Родник» - «Малка» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**



# Мафlэм фыхуэсакъ

**Дунейр зэрыхуабэм, уэз гъуэр, ежьужьыр зэрагъэсым кьыхэкIыу, мафIэсыр нэхъыбэ мэхъу. БлэкIа зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мафIэсгъэункIыпIэхэр 31-рэ кIуэн хуей хъуащ удз гъуам щIэна лыгъэр ягъэункIыфIыну. Аруан, Тэрч районхэм дэтхэнэми мафIэсу 8 кьыщыхъуащ, Бахьсэн, Шэджэм щыпIэхэм - плIыпылI.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэткъеГъэлакIуэ къулыкъущIапIэм и пресс-IэхущIапIэм и унафэщI Сэбан Арсен хъыбар кьызэрыдигъэщащи, я Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм цIыхухэм сакъыну дапхэдзирэ зэхуэгъэзэми, кIэлъыплъыныгъэншэу удз гъуар щагъэсэ я щIы Iыхьэхэм, пщIантIэхэм, губгъуэхэм.

УФ-м и Административнэ хабзэхэр кьыщэлъэIубзыдэкIэ яхуэгъэза кодексым и 20.4 статьям и 1-нэ Iыхьэм тепщIыхьмэ, ежьужьымрэ удз гъуамрэ гъэсыным теухуа хабзэм темыгтмэ, административнэ зэуап яхь:

- цIыхуэхэм ягу къагъэкIыж е административнэ тезыр траллхьэ сом 5000-м щыщIэдзауэ 15 000-м нэс;

- къулыкъущIэхэм - сом 20 000-м щыщIэдзауэ 30 000-м нэс;

- щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм - сом 40 000-м щыщIэдзауэ 60 000-м нэс;

- юридическэ цIыхухэм - сом 300 000-м щыщIэдзауэ 400 000-м нэс.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэрэмрэ и хьэщIэхэу пщIэ зыхуэзгъэщIхэ! Удз гъуамрэ ежьужьымрэ фымыгъэс. МафIэм фыхуэсакъ, абы зыщыкфхъумэ. МафIэс къэхъуамэ фыпсэлъэ: «01» (стационар телефонымкIэ), «101» е «112» (жьы телефонымкIэ).

*Зыгъэхьэзырар*
**УАРДЭ Жантинэщ.**



# Псыежэхым жиIэр

**Дыгъэм зеукъуэдийри, удз гъэгъа губгъуэм йолъэс. Гъэгъахэр егъафIэ. Губгъуэ щхьуантIэм тепхъа гъэгъа щхьэхкIэплъыкIэхэм хьэндырабгъуэхэр тотIысхьэ, кьытолъэтыжь, ящщхьэщолъатэри, загъэкIэрахъуэ, кьофэ. Жбы мащIэм гъэгъа тхьэмпэхэр щIигъэхъаеурэ, хьэуам мэ гуакIуэр хегуашэ.**

ПСЫ ежэх цIыкIуэ мывэкIэщхьым кIэщIэпыIэуэрэ, зэрегъэунтIэлIу. Дунеяпlэ здрихьэхыну къьтригъэхьэ хуэдэщ. Мыдрейхэм ар ядэрхъым. Тегушхуэу зыкъэзыIэт къаухкIми, «тIыркъ» жригъэIэу, и гупэкIэ кьыщылъ мывэм тохуэж. Псалъэуэрэ йожэх псыр. Йопсалъэ губгъуэм, гъэгъахэм, хьэндырабгъуэхэм. Йопсалъэ дыгъэм. Езы дыгъэри, и бзий хуабжэкIэ кьоIэбыхри, псы кьабзэм и цIыкIэм тоIэбэ, телъыджэу цIхьэщолыдыкI. Дыгъэр зыхуэгуэпа псым и уэршэрым зрегъэIэт - жиIэн и куэдщ. ЕIуатэ куэд щIауэ зыщIэдзIу, зэхуихьэс хъыбархэр. КъэувыIэмэ, ахэр зэпыункIэ шынэ нэхъей, тетщ и гъэгъум. Здрехьэх зэгуэр псыхъуэм къызэрыдэхьа щIалэжь цIыкIуэм я дыхьэшх макъэи, кьыщIэхъуэпсым къызэрыдэхьа щIалэжь цIыкIуэм я дыхьэшх макъэи, кьыщIэхъуэпсым къызэрыдэхьа щIалэжь цIыкIуэм я зы уэрэд, зэми нэгъэщI кьыжэзыIа бзуэкэ я бзэрабзи, зи губампIэ и Iуфэм щыдэзыха пщащIэм и щэху нэгъунэ. Псыр игъэжьынти, а илъагъу, зэхих псом щыщIамэ. Ирежэх атIэ... кьэмыувыIэу, псалъэу, дыгъэм пэлыдыкIэ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ**
**ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.**

**Къыдэзыгъэкlэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинэм и уэрам, 5**

**Индексыр П 5894**
**Тираж ыр 1.219**
**Заказыр №21.472**
12+

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщагэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.**

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

**МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭжЬАХЭЩ:**

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.).*

*КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м цыхтрадзащ.**

**357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**

**Газетым Iэ тралзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Родник» | 11 | 10 | 0 | 1 | 55-8 | 30 |
| 2. «Искра» | 11 | 9 | 1 | 1 | 36-11 | 28 |
| 3. «Тэрч» | 10 | 9 | 0 | 1 | 36-5 | 27 |
| 4. «Нартан» | 11 | 5 | 2 | 4 | 32-31 | 17 |
| 5. «Ислъэмей» | 10 | 5 | 0 | 5 | 28-29 | 15 |
| 6. «Псыгуэнсу» | 10 | 5 | 0 | 5 | 22-31 | 15 |
| 7. «Спартак-Д» | 11 | 4 | 2 | 5 | 27-34 | 14 |
| 8. «Черкес» | 11 | 3 | 3 | 5 | 21-32 | 12 |
| 9. «Бедик» | 11 | 3 | 1 | 7 | 15-37 | 10 |
| 10. «Малка» | 10 | 3 | 0 | 7 | 15-25 | 9 |
| 11. «Логоваз» | 10 | 2 | 1 | 7 | 14-35 | 7 |
| 12. «Урыху» | 10 | 0 | 0 | 10 | 12-35 | 0 |

*Редактор нэхъыщхьэ*
**ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:**

**Жьэкlэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),***Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Изэ.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:**

**редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхущlапlэ - 42-22-86; культурэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьанымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.**